ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№63 (24.501) • 2023 гъэм накъыгъэм (майм) и 27, щэбэт • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэм къызэритамкIэ

# Жылагъуэм и сэбэп ирегъэкI

**Республикэм и УнафэщIыр хуэзащ «Хэкум и зауэлIхэм я унагъуэхэм я комитет» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм и унафэщI, дзэ Iуэху хэхам къахуигъэув къалэнхэр зыгъэзащIэу хэкIуэда подполковник Орехов Дмитрий и щхьэгъусэ Ореховэ Каринэ.**



УРЫСЕЙ жылагъуэ зэгухьэныгъэ пашэхэм я жэрдэмкIэ 2022 гъэм и щэкIуэгъуэ мазэм къызэрагъэпэщащ Хэкум и зауэлIхэм я унагъуэхэм я комитетыр, 2023 гъэм и гъатхэпэм абы и къудамэ Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщызэIуахащ.

КIуэкIуэ Казбек къыхигъэщащ жылагъуэ зэгухьэныгъэщIэм сыт хуэдэ IуэхукIи зэрызыщIагъакъуэр. Комитетыр дэIэпыкъуэгъу яхуохъу дзэ Iуэху хэхам хэтхэм я унагъуэхэм, абыхэм я Iуэху зыIутым щыгъуазэщ, къалэныр езыхьэкI зауэлIхэр зыхуэныкъуэ хьэпшыпхэр хурагъашэ, хэкупсэ, волонтёр лэжьыгъэхэр ирегъэкIуэкI. Зэгухьэныгъэр жыджэру дэлэжьэнущ дзэ Iуэху хэхам хэтхэр даIыгъын папщIэ къызэрагъэпэща «Хэкум и хъумакIуэхэр» фондым. Абы и лэжьыгъэм щIидзэнущ мэкъуауэгъуэм и 1-м.

«Сэ си гуауэр зэи сщыгъупщэнукъым, ар сытым дежи си гум илъынущ. Нэпс щIэзгъэкIыу къуэгъэнапIэ сыкъуэсэнри хэкIыпIэу къэслъытэркъым. ЩыIэщ зэрыхуа щытыкIэм къызэрикIынур зымыщIэ цIыхубз куэд. Абы и лъэныкъуэкIэ сэри сча си япэ лъэбакъуэр егъэлеяуэ хьэлъэт. Ауэ зыгуэрым дэIэпыкъуэгъу узэрыхуэхъуфыр щызыхэпщIэкIэ, апхуэдэ IуэхукIэ зыкъыщыпхуагъазэкIэ, абы уи гуауэр нэхъ егъэужьых», - жиIащ Ореховэ Каринэ. Ар тепсэлъыхьащ комитетым иригъэкIуэкI лэжьыгъэм, республикэм и зауэлIхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ я дежкIэ къалэнышхуэ зэригъэзащIэм, зэгухьэныгъэр икъукIэ дызыхуэныкъуэу къызэрыщIэкIам. Апхуэдэу къыхигъэщащ дзэ Iуэху хэхам хэт зауэлIхэм защIэгъэкъуэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрыр нэхъ щIыналъэ жыджэрхэм зэращыщыр.

Республикэм и Iэтащхьэм Ореховэ Каринэ фIыщIэ хуищIащ нобэ къэралми абы и цIыхухэм я дежкIи мыхьэнэшхуэ зиIэ лэжьыгъэ мытынш зэрыригъэкIуэкIым, жылагъуэм и сэбэп зэрыригъэкIым папщIэ. КIуэкIуэ Казбек къыхигъэщащ Къэбэрдей-Балъкъэрым дзэ Iуэху хэхар щекIуэкI щIыпIэм щыIэ зауэлIхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ зэпыу имыIэу дэIэпыкъуэгъу зэрахуэхъур. А Iуэхум жыджэру хэтщ республикэм щыпсэухэм ящыщ куэд. Абыхэм яхэтщ хьэрычэтыщIэхэр, къэрал къулыкъущIапIэхэм, IуэхущIапIэ зэмылIэужьыгъуэхэм я лэжьакIуэхэр, жылагъуэр. «Мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхум зи гуащIэ хэзылъхьэ дэтхэнэ зыми фIыщIэшхуэ яхузощI», - жиIащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек.

### ЦIыхум зэримыгъакIуэ граждан хьэуа кхъухьхэр къэгъэсэбэпыным Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэм пIалъэкIэ мардэ щыхуэгъэувыным и IуэхукIэ

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

«Урысей Федерацэм и Президентым 2022 гъэм жэпуэгъуэм и 19-м къыдигъэкIа Указ №756-м ипкъ иткIэ Урысей Федерацэм и щIыналъэхэм щызэфIагъэкIхэм я IуэхукIэ» Урысей Федерацэм и Президентым 2022 гъэм жэпуэгъуэм и 19-м къыдигъэкIа Указ №757-м, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэм къэхъукъащIэ къызэрымыкIуэхэм сыт и лъэныкъуэкIи хуэхьэзырыным и щытыкIэ зэрыщагъэувам (2023 гъэм и накъыгъэм и 16-м ирагъэкIуэкIа зэIущIэ №3-м и протоколым тету) къыхэкIыу властым и органхэр сэбэп пылъу зэдэлэжьэныр къызэгъэпэщынымкIэ щыIэ оперативнэ штабым къищта унафэм тету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэм жылагъуэ хабзэр зэрыщахъумэмрэ жылагъуэ шынагъуэншагъэр къызэрыщызэрагъэпэщымрэ ягъэлъэщын мурадкIэ **унафэ сощI**:

1. Езыхэм я пщэ къыдалъхьахэр (къалэн къыщащIахэр) щыпхагъэкIкIэ къэрал властым и органхэм, самоуправленэм и органхэм иращIылIа зэгурыIуэныгъэхэм тету езыхэм я унафэм щIэт IуэхущIапIэхэмрэ къэрал зыхъумэжыныгъэ заказ зыгъэзащIэ IуэхущIапIэхэмрэ къэрал властым и органхэм ягъэува хабзэм тещIыхьауэ къагъэсэбэп, цIыхум зэримыгъакIуэ граждан хьэуа кхъухьхэр (адэкIэ къызэрыкIуэнур - цIыхум зэримыгъакIуэ хьэуа кхъухьхэр) хэмыту Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэм цIыхум зэримыгъакIуэ хьэуа кхъухьхэр къыщагъэсэбэпыну хуит мыщIын, абы мардэ хуагъэув щIыкIэу.

2. «Урысей Федерацэм и Президентым 2022 гъэм жэпуэгъуэм и 19-м къыдигъэкIа Указ №756-м ипкъ иткIэ Урысей Федерацэм и щIыналъэхэм щызэфIагъэкIхэм я IуэхукIэ» Урысей Федерацэм и Президентым 2022 гъэм жэпуэгъуэм и 19-м къыдигъэкIа №757-м тету, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэм щагъэува щытыкIэр щхьэщахыжу и пIалъэр икIыхукIэ мы Указым къыщыгъэлъэгъуа хабзэр зекIуэну гъэувын.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэм къэхъукъащIэ къызэрымыкIуэхэм сыт и лъэныкъуэкIи хуэхьэзырыным и щытыкIэ зэрыщагъэувам къыхэкIыу властым и органхэр жыджэру зэдэлэжьэныр къызэгъэпэщынымкIэ щыIэ оперативнэ штабым, хуей хъумэ, мы Указым и 1-нэ пунктым щыубзыхуа лэжьыпхъэхэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэм щыпхыгъэкIыныр къызэзыгъэпэщыну Iэмалхэр зэхилъхьэн икIи абы теухуа унафэхэр къищтэн.

4. Мы Указым къару егъуэт ар официальнэу къыщытрадза махуэм къыкIэлъыкIуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек.**

*Налшык къалэ*
*2023 гъэм накъыгъэм и 24-м*
*№51-УГ*

# ЩIыналъэщIэхэр зэфIагъэувэж

**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек хэтащ видеоконференц IэмалкIэ екIуэкIа, УФ-м ЩIыналъэхэм зегъэужьынымкIэ и комиссэм и Президиумым и зэIущIэм. Къызэхуэсахэр тепсэлъыхьащ Донецк, Луганск цIыхубэ республикэхэмрэ Запорожье, Херсон областхэмрэ я инфраструктурэр зэфIэгъэувэжа зэрыхъуну щIыкIэм. ЗэIущIэр иригъэкIуэкIащ УФ-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Хуснуллин Марат.**

ФИГУ къэдгъэкIыжынщи, мэлыжьыхьым и кIэм УФ-м и Правительствэм и УнафэщI Мишустин Михаил ди къэралым щыщ хъужа щIыналъэщIэхэм 2023 - 2025 гъэхэм зэрызаужьыну жылагъуээкономикэ программэм Iэ щIидзащ. Абы ипкъ иткIэ, щIыналъэщIэхэр зэфIагъэувэжын папщIэ ирагъэкIуэкI ухуэныгъэ лэжьыгъэ псоми Урысейр хэпщIауэ щытынущ.

Къэбэрдей-Балъкъэрри жыджэру а къалэным пэрыуващ. Дызэрыт илъэсыр имыух щIыкIэ, Iуэху куэд щызэфIагъэкI центрхэр яухуэнущ, псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэм и инфраструктурэр, жылагъуэ IуэхущIапIэхэр, псэупIэхэр зэрагъэпэщыжынущ. 2023 гъэм ухуэныгъи 5-м елэжьынущ, адрей илъэсхэм а бжыгъэр 17-м нэсынущ. 2022 гъэм и кIуэцIкIэ ди республикэм и къарукIэ ухуэныгъи 8 зэIузэпэщ ящIащ.

# Грантхэр ират

**Театр гъуазджэм и унэтIыныгъэм грантхэр хуэгъэфэщэным теухуа унафэм Iэ щIидзащ КъБР-м Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек. А дэфтэрыр къралъхьащ республикэм и Iэтащхьэм и сайтым - https://glava.kbr.ru.**

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм театр гъуазджэ унэтIыныгъэмкIэ игъэува грантхэр, 2023 гъэм ирагъэкIуэкIа зэпеуэм кърикIуам ипкъ иткIэ, хуагъэфэщащ Кулиев Къ. и цIэр зезыхьэ Балъкъэр къэрал драмэ театрым, Музыкэ къэрал театрым, ЩоджэнцIыкIу А. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым, Горький М. и цIэр зезыхьэ Урыс драмэ театрым. Щэнхабзэм и IуэхущIапIэу къагъэлъэгъуа дэтхэнэ зыми я творческэ проектхэр ягъэзэщIэн папщIэ республикэ бюджетым къыхэкIыу сом мелуан зырыз хухахынущ.



● КъБР-м и Парламентым

# ХабзэщIэхэр яубзыху

**КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ иригъэкIуэкIащ хабзэубзыху IэнатIэм и президиумым и зэIущIэ. Абы Iуэху 30-м щIигъум щытепсэлъыхьащ.**

ЗИ ГУГЪУ ящIахэм ящыщщ «КъБР-м къыщацтэну я мурад «Iуэхущ IапIэхэм я мылъкум техуэ налогыр» хабзэм и проектым и 4-нэ статьям зэхъуэкIыныгъэ хэлъхьэныр». Парламентым БюджетымкIэ, налогхэмрэ мылъку Iуэхухэмкiэ и комитетым и унафэщI Афэщ1агъуэ Михаил къызэрыхигъэщамкIэ, хабзэм и проектым тегъэщIапIэ ещI УФ-м и Президентым 2021 гъэм мэлыжьыхьым и 21-м Федеральнэ Зэхуэсым хуигъэхьа унафэр. Абы ипкъ иткIэ, газ здынашэса жылагъуэхэм ар иджыри зыщIамышауэ дэт унэхэм цIыхубэм ахъшэ къыIамыхыу, газ пыдзапIэм нэс хукIуэцIрашыну, хуэфащэ лъэIу тхылъыр ешэлIапIэрэ щыIэмэ (ехьэлIапхъэ Iэмэпсымэхэмкiэ зэгъэпэщамэ).

УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым 2022 гъэм мэлыжьыхьым и 1-м иригъэкIуэкIа зэIущIэм и протоколым и 7-нэ Iыхьэм ипкъ иткIэ, къэралым хыхьэ щIыналъэхэм я унафэщIхэм жылагъуэхэм газ щызэбгрышыш е нэщышэ IуэхущIапIэхэм газ зэбгрыкIыпIэхэмрэ псэупIэ-коммунальнэ къудамэмрэ ятехуэ налогхэр хуагъэмэщIапхъэщ икIи худачыхыпхъэщ.

Къызэхуэсахэр тепсэлъыхьащ федеральнэ хабзэхэр щIыналъэм щызэкIуэхэм техуэн папщIэ, «КъБР-м ит автомашинэ гъуэгухэмрэ гъуэгум щекIуэкI лэжьыгъэхэмрэ» хабзэм и проектым хэлъхьапхъэ зэхъуэкIыныгъэхэми. Парламентым ПромышленностымкIэ, транспортымкIэ, связымрэ гъуэгу хозяйствэмкIэ и комитетым и унафэщI Байдаев Сэлихь псори щыгъуазэ ищIащ а хабзэм и проектым и 25-нэ статьям и 7-нэ Iыхьэмрэ 26-нэ статьям и 1-нэ Iыхьэмрэ халъхьэну къагъэлъагъуэ зэхъуэкIыныгъэхэм: пщIэкIэ лажьэ автомашинэ зекIуапIэхэми нэгъуэщI щIыпIэхэми а уасэр щыщхьэщахынущ школакIуэхэр зезышэ автобусхэмрэ сабий гупхэр къращэкIыну хуитыныгъэ зиIэхэмрэ. Ардыдэм хохьэ гъуэгу уасэр нэхъ мащIэу къызыIахыпхъэхэмрэ пщIэншэу къэзыкIухыну хуитыныгъэ зэтыпхъэхэмрэ убзыхуныр.

2024 гъэм гъатхэпэм и 1-м къыщцта унафэм ипкъ иткIэ, щIыналъэ щхьэхуэхэм хуитыныгъэ яIэжкъым республикэми абы и щIыбкIи щызекIуэ хьэлъэзешэ машинэхэм гъуэгум ират зэраныгъэр зыхуэдэр зэхагъэкIыну. Абы къыхэкIкIэ, а хуитыныгъэм и гугъу зыщI 8-нэ статьям и 7-нэ Iыхьэм къару имыIэжу къалъытащ.

Парламентым и лэжьакIуэхэр тепсэлъыхьащ федеральнэ хабзэхэм я проектхэм, абыхэм хуаIэ еплъыкIэхэм, УФ-м хыхьэ щIыналъэхэм къагъэха хабзэ щхьэхуэхэм я проектхэм. Ахэр теухуащ псэущхьэхэм жэуаплыныгъэ хэлъу якIэлъыплъыным, экологие къэпщытэныгъэхэм, егъэджэныгъэм, Урысейм щэнхабзэм зиужьын папщIэ къыщащтэ хабзэхэм, УФ-м Налогым, ЩIым, ПсэупIэхэм, Лэжьыгъэм епха и кодексхэм, къинэмыщIхэм.

«Iуэху зэмылIэужьыгъуэхэр» Iыхьэм Парламентым цIыхубэ шынагъуэншагъэмрэ Iулъхьэ тын-къеIыхыным пэщIэтынымкIэ и комитетым и унафэщI Кривко Михаил депутатхэр щыгъуазэ ищIащ КъБР-м и Парламентым и президиумым къищта унафэу «КъБР-м шынагъуэншагъэр къыщызэгъэпэщыным теухуауэ» хабзэр зэрылажьэ унафэр зэрагъэзащIэм.

Адрей лэжьыгъэхэм къадэкIуэу, унафэ къащтащ КъБР-м и Парламентым и ЩIыхь тхылъыр IэнатIэ щхьэхуэхэм щылажьэхэм хуагъэфэщэну.

*КъБР-м и Парламентым и пресс-IуэхущIапIэ.*

● КъБР-м и Правительствэм

# Бюджетыр зэрагъэзэхуэж

**Къэбэрдей-Балъкъэрым и гъэзэщIакIуэ IэнатIэм пэрытхэм я зи чэзу зэIущIэ дыгъуасэ иригъэкIуэкIащ Правительствэм и УнафэщI Мусуков Алий. Абы хэтащ КъБР-м и IэтащхьэмрэАдминистрацэм и УнафэщI Къуэдзокъуэ Мухьэмэд, УФ-м и Президентым и лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щыIэм и Аппаратым КъБР-мкIэ и федеральнэ инспектор нэхъыщхьэ Мэкъуауэ Тимур, КъБР-м и Парламентым и УнафэщIым и къуэдзэ Къардэн Мурат сымэ.**

КЪЭБЭРДЕЙ-БАЛЪКЪЭР Республикэм и бюджетыр 2023 гъэм и япэ мазищым гъэзэщIа зэрыхъуам теухуа законым и проектым и гугъу ищIащ КъБР-м финансхэмкIэ и министр Лисун Еленэ. Абы зэрыжиIамкIэ, блэкIа мазищым республикэм и хэхъуэр сом мелард 14-рэ мелуан 974-рэ хъуащ. Ар мы гъэм зыхуагъэувыжам и процент 25,7-рэ мэхъу. Нэгъабэ и япэ мазищым еплъытмэ, хэхъуэр проценти 130,8-кIэ нэхъыбэщ.

Лисун Еленэ зи гугъу ищIа мылъкум хэтщ налог хэхъуэр, ар сом мелардi 3-рэ мелуани 116-рэ мэхъу. БлэкIа лъэхъэнэм еплъытмэ, ари проценти 104-кIэ нэхъыбэ хъуащ, сом мелуани 132-кIэ нэхъыбэ къыхэхъуащ республикэ мылъкум.

- Мы гъэм къэрал псом зыуэ щыт налог счёт къызэрыщызэрагъэпэщым Iуэхур тIэкIу зэблигъэури, республикэ мылъкум къыхыхьэ налогым щыщу и ныкъуэр и чэзум къэсакъым. Абы ипкъ иткIэ, щIышылэмрэ мазаемрэ налогыу къыхэкIыр нэхъ мащIэ хъури, гъатхэпэм псори и пIэ иувэжащ, - къыхигъэщащ министрым.

КъулыкъущIэм зэрыжиIамкIэ, хэхъуэм щхьэщатыкI налогыр, хэхъуэ зэхэтым къыхэкI налогыр, мылъкум техуэ налогыр нэхъыбэ хъуащ. Ауэ цIыхум ит налогыу, акцизхэм техуэ налогыу къыхэкIар нэхъ мащIэщ.

Зыуэ щыт налог счёт къызэрызэрагъэпэщым «къилъэхъар» хэхъуэм и закъуэкъым, атIэ бюджетым щыщу къагъэсэбэпари блэкIа мазищым нэхъ мащIэ хъуауэ щытащ. Улахуэмрэ субвенцэмрэ блэкIа пIалъэм хухаха мылъкур нэхъ мащIэщ нэгъабэ и япэ мазищым ягъэкIуэдам нэхърэ.

Лисун Еленэ жиIащ республикэм зымыгъэзэж мылъкуу сом мелард 11-рэ мелуан 492-рэ къызэрыIэрыхьар. Абы щыщу мелардi 6-р дотацэщ, мелардi 4,6-р субсидиещ, мелуан 345-р субвенцэщ. Бюджетым щымыщ нэгъуэщI ахъшэу къапщытэж пIалъэм щIыналъэм иIащ сом мелуани 169-рэ.

Республикэ мылъкум щыщу къагъэсэбэпахэм я гугъу щыщIым, финансхэмкIэ министрым къыхигъэщащ сом мелард 12-рэ мелуан 367-рэ зэрызэбграгъэкIар. Ар илъэсым хухаха ахъшэм и процент 20 мэхъу.

Мусуков Алий жиIащ зыуэ щыт налог счёт къызэрызэрагъэпэщар бюджет ухуэкIэм зэрыщыту зэрыжьэхэуар. Республикэ бюджетым налогыр и чэзум къызэрымысам и щхьэусыгъуэр а зэхъуэкIыныгъэхэращ. ДяпэкIи а Iуэхур и кIэм нэсыху мылъку зегъэкIуэным гулъытэ нэхъыбэ хуащIын зэрыхуейр ягу къигъэкIыжащ къэрал, муниципальнэ бюджет IуэхущIапIэхэм я унафэщIхэм.

Егъэджэныгъэ, узыншагъэр хъумэн, мэкъумэш, псэупIэ-коммунальнэ IэнатIэхэм къыщыхъу зэхъуэкIыныгъэхэм теухуа законхэм я проектхэр зэIущIэм щызэпкърахри, Iэ яIэтащ Правительствэм хэтхэм.

ЗэIущIэм и кIэухым 2022 гъэм екIуэкIа «Экспортер года» урысейпсо зэпеуэм и щIыналъэ Iыхьэм щытекIуэхэр щIыхь тхылъхэмрэ саугъэткIэ ягъэлъэпIащ. Нэгъабэ щыIа а зэхьэзэхуэм пашэныгъэ къыщахьащ «Нальчик-сладость» ООО-м, «Отбор» ООО-м, «Сириус-М» компанием, «Терекалмаз» АО-м.

**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.**

● КъБР-м и прокуратурэм къет

## Прокурорым и нэIэм щIэтщ

**КъБР-м и прокурор Хабаров Николай пщэрылъ щищIауэ республикэ прокуратурэм и нэIэ тетщ яхуэнущIэн мурадкIэ цIыхум зэрытеуам ехьэлIа уголовнэ Iуэхур зэрызэхагъэкIыр.**

ЗэраубзыхуамкIэ, 2023 гъэм накъыгъэм и 20-м и жэщым цIыхухъуитI щIыхьащ Май къалэм щыпсэум и унэм. Абы тегуплIэри, сэкIэ ягъэшынэурэ хагъэзыхьыри сом мелуан 18 къытрахащ.

Лей зытехьар Май къалэм и щIыпIэ самоуправленэм и депутатщ.

Урысей МВД-м и къудамэу Май районым щыIэм и Следственнэ IэнатIэм уголовнэ Iуэху къиIэтащ УФ-м и УК-м и 162-нэ статьям и 4-нэ Iыхьэм тету.

Оперативнэ къэлъыхъуэныгъэхэр, а щIэпхъаджагъэр зылэжьахэр къыщIэгъэщыныр, Iуэхур зэхэгъэкIыныр зэрекIуэкIым республикэм и прокурорым и нэIэ тетщ.

## Алимент щIыхуэ

**Аруан районым и прокурорым и къуэдзэ Тхьэгъэпсо Артур арэзы техъуащ Ж. ехьэлIа уголовнэ Iуэху къызэраIэтам. Иужьрейр ягъэкъуаншэ Урысей Федерацэм и Уголовнэ кодексым и 157-нэ статьям и 1-нэ Iыхьэм къыщыхьа щIэпхъаджагъэр (балигъ мыхъуа и быныр ипIыным хуэзэу езым къытехуэ ахъшэр щхьэусыгъуэншэу адэ-анэм зэримытым) илэжьауэ.**

Ж. пIалъэ кIыхькIэ зыпыIуидзащ сабийр зыхуеймкIэ къызэгъэпэщыныымкIэ ахъшэр итыным. Псори зэхэту абы и щIыхуэр сом мин 530-м щIигъуащ.

Уголовнэ Iуэхур Аруан район судым Iэрагъэхьащ зэпкърыхауэ хэплъэну.

Хабзэм къызэригъэувымкIэ, ар зы илъэсым нэскIэ ягъэтIысынкIэ мэхъу.

## Iуэхур судым нэсащ

**Урысей Федерацэм и Прокуратурэ Нэхъыщхьэр арэзы техъуащ КъБР-м щыпсэум шынагъэкIэ ахъшэ къеIыхыным, абы и цIыхугъэр дыгъуным, апхуэдэуи гъэпцIагъэм пыщIа гупыр зэрагъэкъуаншэм.**

Ар ехьэлIащ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм щыпсэу цIыхуиплIым. Ахэр ягъэкъуаншэ Урысей Федерацэм и Уголовнэ кодексым и 126-нэ статьям и 2-нэ Iыхьэм и «а», «в», «г», «з» пунктхэм (цIыхур дыгъун), 163-нэ статьям и 3-нэ Iыхьэм и «б» пунктым (шынагъэкIэ ахъшэ къеIыхын), къыщыгъэлъэгъуа щIэпхъаджагъэхэм хуэдэ ялэжьауэ. Гупым ящыщу тIур апхуэдэуи ягъэкъуаншэ УФ-м и УК-м и 159-нэ статьям и 4-нэ Iыхьэм (гъэпцIагъэ) ипкъ иту.

Iуэхур щызэхагъэкIым къызэрыщIагъэщамкIэ, гупым хэтхэм КъБР-м щыпсэум унэ ныкъуэщI зэрыт, сом мелуани 3,95-рэ и уасэ и щIы кIапэр къыIэщIахын мурадкIэ абы и цIыхугъэр ядыгъуащ 2018 гъэм и мэлыжьыхьым. А мылъкум и унафэр ящIыну езыхэм хуитыныгъэ яIэнымкIэ нотариус дэфтэрыр ягъэхьэзырыху, лей зытехьар яIыгъащ, залымыгъэ ирахыу.

КъинэмыщIауэ, ягъэкъуаншэхэм ящыщу тIум КъБР-м щыпсэу цIыхубзым ираща автомашинэм папщIэ сом мелуан 1,1-рэ къаритащ 2020 гъэм и щIышылэм икIи къагъэгугъащ ар и цIэкIэ ирагъэтхыну. АрщхьэкIэ, зэрыгурыIуар ягъэзэщIакъым икIи гъэувыпIэм щыт автомашинэр нэгъуэщIым иращащ.

Уголовнэ Iуэхур судым ягъэхьащ.

## Лицензэ имыIэу

**Бахъсэн къалэм и прокурор Iэгубэчыр Залым тэмэму къилъытащ хабзэм къемызэгъыу спиртхэкI зэрызэрагъэкIуэкIым ехьэлIа уголовнэ Iуэхур.**

ЩIыпIэм щыщ Б. ягъэкъуаншэ УФ-м и УК-м и 171.3 статьям и 1-нэ Iыхьэм къыщыхьа щIэпхъаджагъэм (спиртхэкIхэр къуэду ихъумэну, игъэIэпхъуэну хуит зыщI лицензэ иIэн хуейуэ, ауэ ар ямыIыгъыу апхуэдэ лэжьыгъэхэр гъэзэщIэныр) щхьэкIэ.

Ягъэкъуаншэр яубыдащ спиртыр лицензэ имыIэу и автомашинэмкIэ ишэу. Ар сом мин 200-м щIигъу и уасэ хъурт.

Уголовнэ Iуэхур Бахъсэн район судым Iэрагъэхьащ.

Законым къызэригъэувымкIэ, апхуэдэ щIэпхъаджагъэр зылэжьар илъэсищкIэ ягъэтIысынкIэ мэхъу.

## ПцIыр къыщIагъэщ

**Лэскэн районым и прокурорым и дэIэпыкъуэгъу Къардэн Валерэ диIыгъащ щIэпхъаджагъэ хьэлъэ илэжьа хуэдэу зыхуэзгуэпым теухуа хъыбар нэпцI зыгъэIуар зэрагъэкъуаншэр.**

Ди щIыпIэм щыпсэу цIыхубзыр ягъэкъуаншэ УФ-м и УК-м и 306-нэ статьям и 2-нэ Iыхьэм къыщыхьа щIэпхъаджагъэр (щIэпхъаджагъэ хьэлъэ илэжьауэ цIыхур гъэкъуэншэным пыщIа хъыбар нэпцI зэбгрыхын) илэжьауэ.

Зэраубзыхуащи, бзылъхугъэр и цIыхугъэм зэрыхуэмыфIым къыхэкIыу, ар уголовнэ жэуапым ирашэлIэн папщIэ абы щIэхъаджагъэ хьэлъэ илэжьа хуэдэу пцIы трилъхьащ икIи хабзэхъумэхэм хъыбар нэпцI яIэригъэхьащ.

Судым, прокурорым и Iуэху еплъыкIэр диIыгъри, Ж. къуаншэу къилъытащ икIи къуэдыуэ сом мини 100 трилъхьащ.

*Зыгъэхьэзырар*
**УЭРДОКЪУЭ Женящ.**

Жылагъуэ

# IитIыр зэрымытхьэщIмэ, зэрыщIэркъым



**«Дунейм утетыну ухущIэзыгъэкъу, хъуэпсапIэхэм уахуэзыгъэпIащIэ щытыкIэ лъэщщ щIалэгъуэр», - жиIэгъащ гупсысакIуэ гуэрым. ЦIыхур зытет дунейр иригъэфIэкIуэну щыхуэмея, лъэпкъхэм я зэхущытыкIэхэр фIым трашэну щыхущIэмыкъуа, арыххэуи щIалэгъуэм къигъэIурыщIэ фIыгъуэхэм ялъэIэсыну щыщIэмыбэна лъэхъэнэ щыIауэ къыщIэкIынукъым. Дызэрыщыгъуазэщи, адыгэхэм гъунэгъу жылэхэр зрашэлIэн, цIыхугъэ-благъагъэм тещIыхьа пыщIэныгъэ хуаIэн, я щIэблэр зэкъуагъэувэн папщIэ, быныр къану ятырт, япхъухэр къашэрт, зэш тхьэрыIуэкIэ зэувалIэрт. Апхуэдэ зэхэтыкIэм ижь лъэпкъ щэнхабзэхэми Iэмалыншэу ящIихурт: шыIэныгъэ, лъытэныгъэ, гумащIагъэ, ныбжьэгъугъэ, хьэтыр жыхуэтIэ щытыкIэ дахэхэм щIалэгъуалэр щIэпIыкIа хъурт.**

ИУЖЬРЕЙ илъэсхэм къэтIасхъэу, зи купщIэр зэхъуэкIа хъууэ хуежьа псэкупсэ лъапIэныгъэхэр къэIэтэжыным, гъащIэм хэпщэжыным я Iуэхукiэ зэIущIэ куэд къэралми хэгъэгухэми щокIуэкI. Лъэпкъхэм къадэгъуэгурыкIуэ щэнхабзэ хъугъуэфIыгъуэхэр гуэх имыIэу епхащ ахэр зэтес зыщI цIыхубэ дипломатием. Зым и дуней икIи лъэпкъ лъагъукIэр адрейм зэхищIыкIыныр, IэнатIэхэм хэлъ гугъуехьхэр зэблэзыгъэкI щытыкIэ екIуxэр лъэпкъ хабзэхэм къыщылъыхъуэныр щыIэныгъэм и джэлэсу зыгъэувыр цIыхубэ дипломатиекIэ дызэджэращ. Абы и щхьэхуэныгъэ куэд щызэпкърахащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм иджыблагъэ Налшык къалэ дэт 4-нэ гимназием щригъэкIуэкIа, «ЦIыхубэ дипломатием иджырей дунейм щиубыд увыпIэмрэ мыхьэнэмрэ» фIэщыгъэр зрита щIалэгъуалэ зэIущIэм. Псэкупсэ лъапIэныгъэхэм къахэпхыфыну хъугъуэфIыгъуэхэр иджырей дунейм хэгъэззэгъэным, ахэр щэнхабзэрэ тхыдэрэ я лъэныкъуэкIэ къэхутэным ехьэлIат зэIущIэ купщIафIэм къыщаIэта псалъэмакъхэр.

ЩIалэгъуалэ зэхуэсым хэтащ КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и IуэхущIапIэхэм я лэжьакIуэхэр, щIалэгъуалэ икIи лъэпкъ зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэр, хамэ къэрал къикIыжа ди лъэпкъэгъу студентхэр, курыт еджапIэхэм щIэс ныбжьыщIэхэр, хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм я лэжьакIуэхэр. Апхуэдэу зэIущIэм хэтащ КъБР-м, АР-м, Сирием, Европэм щылажьэ Адыгэ Хасэхэм я тхьэмадэхэмрэ лIыкIуэхэмрэ.

ДАХ-м и тхьэмадэ **Сэхъурокъуэ Хьэутий** зэхуэсыр къыщызэIуихым ар егъэкIуэкIынымкIэ щIэгъэкъуэн хъуахэм фIыщIэ яхуищIащ икIи къыхигъэщащ къаIэтыну псалъэмакъым щыщ Iуэхугъуэ щхьэхуэхэр ныбжьыщIэхэм яхэпщэнымкIэ еджапIэм лэжьыгъэшхуэ зэрызэфIихыр. «Гъэм хэпсэращ щIым къепхьэлIэжынур, жаIащ ди адэжьхэм. Псалъэжьым иригъуазэм хуэдэу, зэIущIэр щекIуэкI еджапIэм илъэс зыбжанэ хъуауэ бзэкIи, щэнхабзэкIи, динкIи зэмыщхь лъэпкъхэм къахэкIа еджакIуэхэр щIепIыкI зэхущытыкIэфIыр щыIэкIэфIым и лъабжьэу зыгъэув гупсысэм. Мыбдеж хьарзынэу щолажьэ дипломатием и щэхухэм щыхурагъаджэ класс. Псэлъэкiэ нэс ищIэу, щытыкIэ екIу хэлъу, щэнхабзэ дахэ зэрихьэу ныбжьыщIэр къэгъэтэджыныр къалэн зыщызыщIыжа еджапIэм ди къэкIуэнур лъагэу зыIэтын дипломат щыпкъэхэр зэригъэхьэзырыфынум и щыхьэтщ а Iуэхур», - жиIащ тхьэмадэм.

Сэхъурокъуэр тепсэлъыхьащ цIыхубэ дипломатием и мыхьэнэм, абы гъащIэм щиубыд увыпIэм и инагъым. «Кавказыр игъащIэми малъхъэдисым ещхьщ. Мыбы щыпсэу лъэпкъхэр къызэрызэдекIуэкI щIыкIэхэр зрагъэщIэну хущIэкъуу, щIыпIэм и дахагъымрэ гуакIуагъымрэ зрагъэлъагъуну щIэхъуэпсу ижь лъандэрэ цIыхушхуэ щызэблокI. Псоми яфIэхьэлэмэтщ апхуэдиз бзэ зэмыщхькIэ псалъэ лъэпкъхэм я зэхуакум илъ лъэмыжыр зэрыбыдэр, сыт хуэдэ лъэхъэни зэгурыIуэу зэрызэдэпсэур. А щыIэкIэр ди адэжьхэм лIэщIыгъуэхэм къыпхаха хабзэхэм тещIыхьат, дэ нобэрей бзэкIэ дипломатие жыхуэтIэ зэхэтыкIэм теухуат. Хэт дежкIи гурыIуэгъуэт зы щIы кIапэм ущызэдытескIэ, узэпсэлъэн, зым жиIэм адрейр едэIуэн, шыIэр дапщэщи япэ игъэщын зэрыхуейр. ТэмакъкIыхьым и лъабжьэ дыщэ щIэлъщ, жыхуаIэращи, абы фIы куэд къыдэкIуащ, ди цIыхухэри игъэтыншащ. Ноби а щытыкIэм дытекI хъунукъым. ДызыхэпсэукI дунейр тыншкъым, дэнэ лъэныкъуэкIи къикI шынагъэм пэIэщIэ зыхуэтщIын щхьэкIэ, щIэныгъэ зэдгъэгъуэтын хуейщ. Дэ, адыгэхэмрэ балъкъэрхэмрэ, дыкъызытекIыжахэм щIэныгъэшхуэ къытхуагъэнащ, уригъуазэ къуdеймэ, вакъэ зэв узигъэувэ Iуэхугъуэ куэдым укърашыфыну лъэкIыныгъэ иIэу. Дунейпсо Адыгэ Хасэр щIы хъурейм щыпсэу адыгэхэр зэзыпхщ. Ауэ ди Хасэр езыр-езырурэ къызэдекIуэкIыж зэгухьэныгъэ къудейкъым. Дэ дыхэтщ нэгъуэщI лъэпкъхэм ирагъэкIуэкI Iуэхухэм, ядыдоIыгъ къыхалъхьэ жэрдэмхэр, дадогуашэ ди гупсысэкIэмкIэ. IитIыр зэрымытхьэщIмэ, зэрыщIэркъым, жыхуиIэращи, гуауэри гуфIэгъуэри нэгъуэщI лъэпкъхэм ядэдгуэшу дыкъокIуэкI. Мис ар цIыхубэ дипломатием и щапхъэу къэплъытэ хъунущ. Дызыхэт пэхуэщIэхэм щIалэгъуалэ куэд къыхохьэ. Зи псы къэжэгъуэ ныбжьыщIэхэм гупсысэ куэд я щхьэм щызэблокI, нэхъыжьхэм къытлъыс хуэдизкIэ дгъэгъуэзэмэ, яфI куэд жылагъуэми, щыналъэми, хэкуми екIыну. Мис апхуэдэ зы гукъэкIщ дэри ди зэIущIэр къыщIызэдгъэпэщар, фи гупсысэкIэ дедаIуэу, гъуэгугъэлъагъуэ дыхъун папщIэ», - жиIащ Сэхъурокъуэм.

Нэхъыжьым и псалъэр даIыгъыу зэIущIэм къыщыпсэлъащ КъБКъУ-м и профессор, КъБР-м щыпсэу лъэпкъхэм я тхыдэмкIэ, лъэпкъ щIэныгъэмрэ журналистикэмкIэ и кафедрэм и унафэщI **ТекIуий Мадинэ**. Абы и къэпсэлъэныгъэр теухуат щхьэусыгъуэ зэмылIэужьыгъуэхэм къыхэкIыу, зэпэщIэувахэр зэрызэрагъэкIуж, зэрымыщIэкIэ къэхъуа лъыгъажэр зэрагъэувыIэ, зи зэхуаку лъы къыдэхъуа лъэпкъхэр зэрымыукIыжын папщIэ зэрызэрагъэкIуж хабзэу адыгэхэм къадекIуэкIам. «Адыгэхэм я лъэпкъ щIэжыр хуабжьу хьэлэмэтщ. НэгъуэщIым хьэтыр хуэщIыныр, и щхьэ Iуэхум ипэ адрейм ейр игъэщыныр, къыхуепсыха цIыхум пщIэ хуэщIыныр, и Iуэху гъэкIуэтэныр хьэкъышхуэу къилъытэрт пасэрей адыгэм. И цIэм, и щхьэм хуэсакъыным къыхэкIащ нэгъуэщIым и гуэзэхэщIэми пщIэ, уеблэмэ хуэгъэкIуатэ хуэщIыныр. Лъыгъажэр нэщIэбжьэшхуэт адыгэхэм я дежкIэ. Ар къэмыгъэхъуным Iэмалу щыIэхэр ирахьэлIэрт. Нэхъыжьхэри, бзылъхугъэхэри, атэлыкъри, жылэ унафэри - псори елIалIэрт. ЖыIэм емыдаIуэр хабзэм ебэкъуат, Iумпэм ящIырт. ЖыпIэнуращи, цIыхубэ дипломатиер лъэщу лажьэрт», - жиIащ ТекIуий Мадинэ.

ГъэщIэгъуэнт КъБКъУ-м ЩIалэгъуалэ политикэмрэ гъэсэныгъэ лэжьыгъэмкIэ и къудамэм и унафэщI **Мэшыкъуэ Хъызыр** и къэпсэлъэныгъэри. Ар теухуат хамэ къэрал къикIа щIалэгъуалэм щIыпIэ хасэхэр къызэрызэрагъэпэщым, абыхэм я кIуэцIкIэ къыщащта унафэхэм дэтхэнэри едаIуэу, зэлъэIэсу, зэрыIыгъыу зэрекIуэкIым. Мэшыкъуэм къыхигъэщащ хамэ щIыпIэхэм къикIа ныбжьыщIэхэм зэрахузэфIэкIкIэ щэнхабзэ утыкухэм зыщагъэлъагъуэу, зэхыхьэхэм кIуэуэ, зыщыщ лъэпкъхэм я псэкупсэ къэгъэщIыгъэхэмкIэ зыкърагъэцIыхуу зэрыщытыр, арыххэуи ныбжьэгъугъэмрэ зэгурыIуэмрэ я лъэмыж тралъхьэурэ зэреджэр.

ЗэIущIэм псалъэмакъ гъэщIэгъуэн куэд къыщаIэтащ. Гуимыхужт, псалъэм и хьэтыркIэ, Псыхуабэ дэт къэрал университетым юриспруденциер IэщIагъэу къыхэзыхауэ щеджэ студентхэм, ДАХ-м щыщхэу **Щоджэн Iэминатрэ Табыщ Муратрэ** я къэпсэлъэныгъэхэри. Ахэр ехьэлIат псапащIэ Iуэхухэм, егъэджэныгъэм, лъэпкъ щэнхабзэм дипломатием щиубыд увыпIэм, ахэр нобэрей гъащIэм къезэгъыу утыку зэрипхьэну щIыкIэхэм.

ЗэIущIэм хэтахэр акъылэгъу зэдэхъуащ абы къыщапсэлъахэр зэхалъхьэжу тхылъу къыдагъэкIыну, ар курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт IуэхущIапIэхэм лъагъэIэсыну.



*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

**ЩХЬЭЩЭХУЖ Инал.**

Егъэджэныгъэ

# ТекIуахэр ягъэгушхуэ

**Мы махуэхэм дэнэкIи щокIуэкI гъэ еджэгъуэр и кIэм зэрынэсамрэ абы кърикIуахэмрэ къыщапщытэж зэIущIэхэр. Иужьрей уэзджынэр къахуеуакIэщ 9-нэ, 11-нэ классхэр къэзыуха ныбжьыщIэхэм. Ахэр хыхьакIэщ къызэрыщIагъэкI къэрал къэпщытэныгъэхэм я уэрыпIэм. А Iуэхугъуэм къыдэкIуэу школхэм иджыпсту щроплъэж 2022 - 2023 еджэгъуэ лъэхъэнэм къриубыдэу школакIуэхэр зыхэта олимпиадэхэм, зэхьэзэхуэхэм, нэгъуэщI зэпеуэхэм къарикIуахэм.**

АПХУЭДЭ текIуэныгъэхэмкIэ къулейщ Бахъсэн щIыналъэр. ЩIыпIэ администрацэм и пресс-IэнатIэм и унафэщI Чылар Аринэ хъыбар къызэрыдигъэщIамкIэ, дыгъуасэ абы щекIуэкIащ зэпеуэхэм щытекIуа ныбжьыщIэхэр щагъэфIэж пшыхь дахэ. Ар къыщызэрагъэпэщащ ХьэтIохъущыкъуей къуажэм дэт ЩэнхабзэмкIэ унэм. ГуфIэгъуэм къекIуэлIат Бахъсэн щIыналъэ администрацэм, районым щылажьэ курыт школхэм я унафэщIхэр, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэр, егъэджакIуэ пашэхэр, школакIуэ цIыкIухэр. А псоми фIэхъус псалъэ гуапэкIэ захуигъэзащ щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и япэ къуэдзэ Оганезовэ ФатIимэ. Абы и къэпсэлъэныгъэм къыхигъэщащ щIэблэм гъэсэныгъэ екIурэ щIэныгъэ куурэ егъэгъуэтынымкIэ районым и еджапIэхэм, гъэсапIэхэм лэжьыгъэшхуэ зэрыщекIуэкIыр.

- Нобэ дызыхэт Iуэхугъуэр апхуэдэ лэжьыгъэфIым и щыхьэт наIуэщ. Хуабжьу дыщогуфIыкI еджэным къызэщIиубыдэ унэтIыныгъэ зэмылIэужьыгъуэ куэдымкIэ ди щIыналъэм ис сабийхэм зэфIэкI лъагэхэр зэраIэм, зыхэта олимпиадэхэм текIуэныгъэхэр къызэрыщахьам, - жиIащ абы. - Апхуэдэ ехъулIэныгъэхэм я щIыбагъ къыдэлъщ егъэджакIуэ гумызагъэхэм, щIэблэм я унэтIакIуэ Iэзэхэм я лэжьыгъэшхуэ. ФIыщIэ ин фхудощI зи къалэнхэр хьэлэлу зэфIэзыгъэкI псоми: егъэджакIуэхэми абыхэм я нэIэм щIэту щIэныгъэ куу зэзыгъэгъуэт ныбжьыщIэхэми.

Зэхуэсым щагъэлъэпIащ щIыналъэпсо зэпеуэхэм бжьыпэр щызыубыда еджакIуэхэмрэ ахэр зыгъэхьэзыра унэтIакIуэхэмрэ. Апхуэдэхэр, дызэригуапэщи, куэд хъурт.

«Илъэсым и еджакIуэ-2023» цIэ лъапIэр фIащащ ХьэтIохъущыкъуей къуажэм Куэтэншы ТIалэ и цIэр зезыхьэу дэт курыт школ №3-м и 10-нэ классым и еджакIуэ АфэщIагъуэ Ариаnnэ. «Илъэсым и спортсмен-2023» хъуащ Къулъкъужын Ищхъэрэ къуажэм дэт курыт школ №3-м и 9-нэ классым щIэс ЛъэнкIапIашэ Расим. Зеикъуэ жылэм Шэфий Хьэчим и цIэр зезыхьэу дэт курыт школ №2-м и 11-нэ классыр къэзыух Хьэмыкъуэ Амир фIащащ «Илъэсым и юнармеец-2023» цIэр. Апхуэдэу «Илъэсым и волонтёр-2023» цIэр хуагъэфэщащ Бахъсэнёнкэ къуажэм дэт курыт школ №1-м и 11-нэ классыр къэзыух Бакуу Артур.

ЕджакIуэ нэхъыщIэхэм ящыщу ХьэтIохъущыкъуей жылэм дэт прогимназием и 3-нэ классым щеджэ Къармокъуэ Данэ фIащащ «Илъэсым и зэчиифIэ-2023» цIэр. «IущхэмрэIущыцэхэмрэ» районпсо зэпеуэм ехъулIэныгъэ къыщахьащ ХьэтIохъущыкъуей жылэм дэт прогимназием и гъэсэн Беслъэней Эмиррэ а къуажэм Куэтэншы ТIалэ и цIэр зезыхьэу дэт курыт школ №3-м къепха сабий садым и гъэсэн Джэдгъэф Селинэрэ.

ЗэIущIэм щагъэлъэпIащ щIыпIэ, республикэпсо, урысейпсо конференцхэм жыджэру зи егъэджакIуэхэри еджакIуэхэри хэта Къубэ-Тэбэ къуажэм дэт курыт школ №1-р. Къулъкъужын Ищхъэрэ къуажэм дэт курыт школ №3-р къалъытащ щIыпIэ, республикэпсо, урысейпсо творческэ зэпеуэхэм нэхъ жыджэру хэта IуэхущIапIэу. ЩIыпIэ, республикэпсо, урысейпсо утыкухэм щекIуэкIа школ олимпиадэхэм хэтынымкIэ нэхъыфIу зыкъагъэлъэгъуащ ХьэтIохъущыкъуей къуажэм Куэтэншы ТIалэ и цIэр зезыхьэу дэт курыт школ №3-м и егъэджакIуэхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ. Спорт IуэхухэмкIэ щIыпIэм, республикэм, къэралым къыщызэрагъэпэща зэхьэзэхуэхэм зэрыхэтамкIэ Къулъкъужын Ищхъэрэ къуажэм дэт курыт школ №3-р нэхъыфIу къалъытащ. А унэтIыныгъэмкIэ ехъулIэныгъэфI зыIэригъэхьащ Бахъсэнёнкэ къуажэм дэт курыт школ №3-ми.

«ЩIыналъэм и еджапIэ пашэ» цIэр фIащащ егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэм и унэтIыныгъэ куэдымкIэ ехъулIэныгъэфIхэр зыIэрызыгъэхьа Къулъкъужын Ищхъэрэ къуажэм дэт курыт школ №3-м. ПэщIэдзэ егъэджэныгъэ унэтIыныгъэмкIэ районым пашэ щыхъуащ ХьэтIохъущыкъуей къуажэм дэт прогимназиер. Школ кIуэгъуэ ныбжьым нэмысахэм гъэсэныгъэ ящыхьэ купщIафIэ щыдрагъэкIуэкIыу къалъытащ Къубэ-Тэбэ дэт пэщIэдзэ школ-сабий садыр.

Пшыхьым зи щIэфIыр къыщраIуахэм хуагъэфэщащ Бахъсэн район администрацэмрэ егъэджэныгъэмкIэ щIыналъэ IэнатIэмрэ къабгъэдэкI щIыхь, фIыщIэ тхылъхэр, саугъэт лъапIэхэр, удз гъэгъахэр. ГуфIэгъуэ зэхуэсыр я уэрэдхэмрэ къафэхэмкIэ ягъэдэхащ районым и курыт школхэм, сабий садхэм екIуалIэ ныбжьыщIэ зэчиифIэхэм, сабий творческэ гупхэм, щэнхабзэ IуэхущIапIэхэм я IэщIагъэлIхэм.

**КЪАРДЭН Маритэ.**









# Артист ІэщІагъэм къыхуигъэщІа

## Хьэмыку Жаннэ къыщалъхуа махуэр мы мазэм егъэлъапІэ

**Хьэмыку Жаннэ Хьэжумар и пхъур Щукиным и цІэр зезыхьэ Театр училищэм (Москва къалэ) и адыгэ студием щеджащ. Драмэм, кином, эстрадэм я артист унэтІыныгъэмкІэ 1975 гъэм диплом плъыжькІэ еджапІэр къиуха иужь, ЩоджэнцІыкІу Алий и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым лэжьэн щригъэжьауэ, нобэр къыздэсым абы и актрисэ пажэщ.**

ИДЖЫРИ студенткэу Художественнэ тхыгъэ къеджэхэм я союзпсо зэхьэзэхуэ Яхонтовым и цІэр зезыхьэм (Ленинград къалэ) етІуанэ увыпІэр къыщихьат Хьэмыкум. ЕхъулІэныгъэ иІэу зэреджэм папщІэ, абы къыхуагъэфэщауэ щытащ ВЛКСМ-м и ЦК-мрэ СССР-м ЕгъэджэныгъэмкІэ и министерствэмрэ я щІыхь тхылъхэр. 1989 гъэм Хьэмыку Жаннэ къыфІащащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыхь зиІэ и артисткэ» цІэ лъапІэр, 1996 гъэм ди республикэм и цІыхубэ артисткэ хъуащ. Кавказ Ищхъэрэм и республикэхэм я лъэпкъ театрхэм я «Утыкур гъунапкъэншэщ» етІуанэ фестивалым и лауреатщ , «Удзым хэт пианинэ» спектаклым щигъэзэщІа ролым папщІэ щІыхь тхылъ къыхуагъэфэщащ. Театр лэжьакІуэхэм я зэгухьэныгъэм и япэ съездым и лІыкІуэу Москва щыІащ. Иджыри куэд къыпхупыщэнущ Жаннэ и ехъулІэныгъэхэм я гугъу пщІыкІэрэ, фІыщІэ, щІыхь тхылъу къыхуагъэфэщахэр къыубжэкІкІэрэ. Ауэ псом нэхърэ нэхъыщхьэр Жаннэ цІыхубэм фІыуэ зэралъагъурщ, и лэжьыгъэмкІэ цІыхухэм гухэхъуэ зэраритырщ, анэдэлъхубзэр, лъэпкъ гъуазджэр зэрихъумэрщ, и утыку итыкІэ екІум театреплъыр хьэщыкъ зэрищІырщ.

Роль 60-м щІигъу спектаклхэм щигъэзэщІащ Хьэмыкум (апхуэдэхэщ «БлэкІам къэгъазэ иІэкъым», «Гулъытэншэ хъуахэр», «Удзым хэт пианинэ», «ХъуэпсапІэ» трамвай», «Уэлий и парашют», «ИугъащІэ лъагъуныгъэм!», «Къамботрэ Лацэрэ», «Пащтыхьымрэ пащтыхь гуащэмрэ», «Тыргъэтауэ», нэгъуэщІхэри), «Клад» (1975), «Песни над облаками» (1976), «Возвращение» (1975) фильмхэм щыджэгуащ. IX союзпсо кинофестивалым ирагъэблагъэри, «Клад» кинофильмым папщІэ саугъэт нэхъыщхьэр къыхуагъэфэщауэ щытащ.

Жаннэ и хъуэпсапІэхэм ящыщщ ди театрыр адыгэ лъэпкъым иджыпсту нэхърэ нэхъыфІу илъагъуну. «Ди жагъуэ зэрыхъунщи, театрым иІэн хуей гулъытэм, пщІэм хуэдиз игъуэтыркъым, - жеІэ абы. - Ар къызыхэкІыр ди ІуэхущІапІэр мыхьэнэншэу, и къалэным щІагъуэу пэмылъэщу аракъым, атІэ упсэуну гугъу зэрыхъуам къыхэкІыу цІыхухэм япэ ирагъэщыр, зытелажьэр зэрынэгъуэщІырщ. Театрыр щызэфІэувэм абы зэрыхущытамрэ иджыпстуреймрэ зэбгъапщэ хъуххэнукъым».

Жаннэ куэдрэ игу къокІыж зы Іуэхугъуэ. Дудар Хьэутий и «Нэчыхьытх» спектаклыр ягъэлъагъуэрт. Утыкум мыІэрысей гъэгъа итт, дэкІуэну бзылъхугъэм и ролыр Жаннэ игъэзащІэрти, шылэ бостейрэ вакъэ пІащІэрэ щыгъыу сценэм къихьэн хуейт. Уаети, и гъусэ актёрхэм яжреІэ хуабэу хуэпауэ джэгумэ зэрынэхъыфІыр. Мазэ псокІэ махуэ къэс утыкум къихьэн зэрыхуейр, сымаджэ мыхъумэ зэрынэхъыфІыр тегъэщІапІэ ищІами, къикІаІатэкъым - Токъуий Хъусен къыхуидауэ щытакъым. Абыхэм апхуэдэ зэи ящІэнутэкъым, зэрыжаІэу, куцІыжьхэт, хуей хъумэ, ялъэмыкІын щымыІэу. «Къапщтэмэ, сценэр сымаджэ ущымыхъу щІыпІэщ, уеблэмэ угукъыдэмыжми, зэуэзэпсэу уохъуж. МыІэрысей гъэгъа утыкум итмэ, уи фІэщ мэхъу зэрыгъатхэр, зэрыхуабэр. БгъэзащІэ ролым узэрихьэм хуэдэ дыдэу, гъэм и зэманми уоувэ», - жеІэ Жаннэ.

- Илъэс 24-рэ фІэкІа сымыхъуу Москва сыкъыщикІыжам щыщІэдзауэ сэ зэпымыууэ къызгурыІуэрт ди республикэм и лъэкІыныгъэри театрым хузэфІэкІынури. Иджыри зэ къытызогъэзэжри, фІыуэ тлъагъу ди нэхъыжьыфІхэм сащеплъкІэ, къыспэщылъыр наІуэ хъууэ къэслъытэрт. Автобус щІыІэ, пэш ямыгъэплъ, улахуэ мащІэ, зыхуей ущыхуэмызэ жыгъэ... ЖызоІэри, абы пэІэщІэ зысщІыну си гугъащ, арщхьэкІэ хъуакъым - театрыр си щхьэм илът, си псэм хэлъти, арыншауэ сыпсэуфакъым.

Артист ІэщІагъэр апхуэдизкІэ фІыуэ елъагъури, ар къызэрыхихам хущІегъуэжыну зэи игу къэкІакъым Хьэмыкум, сыт хуэдэ гугъуехь пэщІэувами, и лъым артистыгъэр зэрыхэлъыр и щІыІу къыфІэхъуу нобэми йокІуэкІ.

Театреплъым илъагъур утыку къэрахьа, и кІэм нагъэса лэжьыгъэрщ, аращ зыхуейри. Спектаклым мазэ бжыгъэкІэ, уеблэмэ илъэскІэ уелэжьауэ, абы бэлыхь гуэр дэпшэчауэ ищІэркъым, ищІэни хуейкъым. Япэ махуэхэм щыщІэдзауэ режиссёрыр зыхущІэкъум техуэ артистхэр щыІэщ, жаІэн хуей псалъэхэр яхузэмыгъащІэу псоми бэлыхь ятезылъхьэхэми, ди жагъуэ зэрыхъунщи, уахуозэ. Талантыр цІыхум бгъэдэлъу къалъхурэ, хьэмэрэ ар пхузыхэлъхьэну? Жаннэ абы ехьэлІа и еплъыкІэр пыухыкІащ: «Къэхъу щытыкІэм укъимыкІыфмэ, «импровизация» жыхуаІэм упэмылъэщмэ, гугъущ, утыкум гъэпкІауэ укъинэнущ. А псом къыхэкІыу, талантыр къыбдалъхуауэ пхэлъмэ нэхъ тыншщ, еджапІэм къыщІэпхар къэбгъэсэбэпын нэхърэ».

- Си дежкІэ гухэхъуэщ зыгуэрым и псалъэм сигу къигъэкІар сценарийм сыкъытекІыу жысІэ е згъэлъагъуэ щыхъум и деж, абы актёрыр щигъэуэнщ е режиссёрыр къигъэгубжьынщ жысІэу сымышынэу. Тыншщ икІи гъэщІэгъуэнщ актёрым дзыхь хуэзыщІ, и мизансценэр къигъуэтыжыну хуит зыщІ режиссёрым удэлэжьэну. Апхуэдэу сыщылажьэм гухэхъуэгъуэ согъуэт, армыхъуамэ, зы къупхъэ гуэрым ткІийуэ сыщрагъэувэм и деж хуабжьу гугъу сохь. Лейуэ сыбзэуэну сыхуимыту сыщыщысым, егъэлеяуэ сызоныкъуэкъуж, - къыджеІэ Жаннэ.

Театрым игу щызэгъэн щхьэкІэ ролыфІ ищІын хуейуэ аращ Хьэмыкум. КъакІуэу къеплъыну ищІэмэ, пщІэншэу джэгуми едэ. Ахъшэ хуэмыныкъуэу аракъым, атІэ лэжьэныр, цІыхур пэшым щІэзу щІэсыныр и дежкІэ зэрынэхъыщхьэрщ.

Артисткэр щыджэгуа лэжьыгъэхэм ящыщ дэтхэнэри лъапІэщ и дежкІэ, ауэ хигъэфІыкІ зэрыщыІэри ибзыщІыркъым. Апхуэдэщ «Гулъытэншэ хъуахэр» спектаклыр. А лэжьыгъэр апхуэдизкІэ игу ирихьырти, хэмыту зэрекІуэкІа илъэситхуми ягъэлъэгъуэху кІуэурэ еплъащ. «Украинэм гастроль дыкІуэн хуейуэ, ЖьакІэмыхъу КІунэ ежьэ мыхъуу сыхагъэхьауэ арат абы. Махуэ бжыгъэм тетрадитІым из хъу ролым «уихьэныр» тынштэкъым. Спектаклым хэтхэм гугъу зыкъыздрагъэхьащ, Къэжэр Борис, Щэрмэт Людэ, Мэшыкъуэ Феня сымэ мыхъуамэ, сщІэртэкъым сызэрыхъунур. Псом хуэмыдэу Борис. «Жэщ, махуэ жумыІэу репетицэ пщІыну ущыхуейм деж нэпсалъэ уэ», - къызжиІэри сыкъыдихыжат. ЖыпІэну къыплъысыр унэм ущІэсу зэбгъэщІэныр мащІэщ, абыхэм жаІэр, къызэрапсэлъ щІыкІэр, къызэрысхущытыр зыхэсщІэн хуейтэкъэ?! Шэчышхуэм сиукІырт, ролым уелэжьыну апхуэдиз пІалъэ фІэкІа уимыІауэ, республикэр, театрыр утыку щипхьэну фестивалым ухэтын хуейуэ. Хьэкъыу спхыкІар зыщ: и пэм щыщІэдзауэ узыхэт спектаклым щыпщІ ролым ещхьу, иужькІэ узыхыхьэжам зэи уигурэ уи щхьэрэ щызэтелъынукъым. Ауэ спектаклыр дгъэлъагъуэу Іэгуауэшхуэ щытхуаІэтам, ныбжь зиІэ лІы бжьыфІэр лъэгуажьэкІэ уву розэ гъуэжь Іэрамэшхуэр къыщызитам, гугъуехь псори сщыгъупщэжат».

ИгъащІэм мыпхуэдэ роль е мопхуэдэ роль къызэфІт жиІэу лъэІуакъым Жаннэ, атІэми ролкІэ зи кІэн къикІахэм ящыщщ. Мис мыбы сыджэгунт жиІэу зыщІэхъуэпсу зэгупсысар, зэзэмызэ фІэкІа къэмынэу, ей хъуащ. А закъуэтІакъуэми тхыгъэр театрым къимыщтауэ арат.

КъэкІуэжу Іэмал имыІэу и щІыналъэм зэрыщылэжьэн хуей илъэситІыр дэкІмэ, Москва игъэзэжыну Калиновскэм къыжриІами, ар къигъэсэбэпакъым артисткэм. ИлъэсипщІым нэблагъэкІэ къызэкІэлъыкІуат я егъэджакІуэр Налшыки, зэпымыууэ къеупщІырт зытриухуамкІэ. АрщхьэкІэ хутечакъым, ролкІэ «къызэримынар» арагъэнщ адыгэ театрыр щІимыбгынар...

«НасыпыфІэу зыкъэплъытэжрэ?» упщІэмкІэ хабзэ тхуэхъуауэ захудогъазэ ди псэлъэгъухэм. Нэхъыбэми, ди гуапэ зэрыхъунщи, насыпыншэу закъыщыхъужыркъым. Ауэ дэтхэнэми а псалъэм и мыхьэнэр зыхилъагъуэр Іуэхугъуэ зэмылІэужьыгъуэхэрщ.

- НасыпыфІэ дыдэу зызылъытэжыфынур цІыху делэрщ. Ауэ насыпыр зыхэплъагъуэ Іыхьэ куэду гъащІэр зэхэлъщ, - жеІэ Хьэмыкум. - Уи сабийм и зы текІуэныгъэ цІыкІури насыпщ, уи къуэрылъхум и зы ехъулІэныгъэри насыпыфІэ узыщІщ. Насыпым и курыхыр лэжьапІэм къыщоуэлІэфынущ. И кІэм нэса спектаклым нэхърэ ар щыбгъэхьэзырым насып нэхъыбэ къыпкърыкІыу къысщохъу сэ - узыхуейр лэжьыгъэм къыхэпІущІыкІыу, псори зэпэщу, къохъулІэу. Насыпщ зы псалъэ гуапэри, дыгъэпс махуэри.

СыщынасыпыфІэ дыди насыпыншэу зыкъыщыслъытэжи куэдрэ сохуэри, къызгурыІуар зыщ: тІэуней сынасыпыншэщ, лэжьыгъэм пэІэщІэ сыщыхъукІэ. Театр Іуэху зезмыхуэрэ - сэ сы-Жаннэу зыкъысщыхъужыркъым, гъуджэм къищ теплъэ гуэру фІэкІа.

Ди ныбжьым унэса иужь узэрыпсэу къудейм, узэрылэжьэфын узыншагъэ узэриІэм, уи сабийр лъэкІэ зэрыувам насыпыфІэ удохъу. Унагъуэм уи Іуэху щытэмэммэ, лэжьыгъэри къохъулІэнущ, абы гуныкъуэгъуэ ухидзэрэ, гугъэзэгъэгъуэ къуимытрэ - уи ІэнатІэри апхуэдэнущ.

Епсэлъар **ИСТЭПАН Залинэщ**.

# Мы махуэхэм

**Накъыгъэм и 27, *щэбэт***

♦**Библиотекэхэм я урысейпсо махуэщ**

♦**Санкт-Петербург къалэм и махуэщ**

♦**1951 гъэм** къалъхуащ къэрал лэжьакІуэ, экономикэ щІэныгъэхэмкІэ доктор, ЩІДАА-м и академик, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Сэхъурокъуэ Хьэутий**.

**Дунейм и щытыкІэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэтекІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 21 – 22-рэ, жэщым градус 15 - 17 щыхъунущ.

**Накъыгъэм и 28, *тхьэмахуэ***

♦**Дыгъужь плъыжьым и дунейпсо махуэщ**

♦**УФ-м щагъэлъапІэ Гъунапкъэхъумэм и махуэр**

♦**1930 гъэм** къалъхуащ Урысейм ЛэжьыгъэмкІэ и ЛІыхъужь, АР-м, КъБР-м, КъШР-м я цІыхубэ тхакІуэ, СССР-ми УФ-ми я къэрал саугъэтхэм, Шолоховым и цІэр зезыхьэ, ДАХ-м я саугъэтхэм я лауреат, Адыгэ Республикэм и гимныр зытха **МэшбащІэ Исхьэкъ**.

♦**1930 гъэм** къалъхуащ киноактёр, КъБР-м и цІыхубэ артист, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Молей Барэсбий**.

♦**1950 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щыщ жылагъуэ лэжьакІуэ, хьэрычэтыщІэ, меценат **Джэрыджэ Хьэсэн**.

**Дунейм и щытыкІэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэтекІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 22 - 24-рэ, жэщым градус 16 - 17 щыхъунущ.

**Накъыгъэм и 29, *блыщхьэ***

♦**ООН-м и мамырщІэкъу къарухэм я дунейпсо махуэщ**

♦**Дзэ автомобилистым и махуэщ**

♦**1929 гъэм** къалъхуащ литературэдж, критик цІэрыІуэ, филологие щІэныгъэхэмкІэ доктор, КъШКъУ-м и профессору, ЩІДАА-м и вице-президенту, Къэрэшей-Шэрджэсым и ТхакІуэхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщІу щыта **Бэчыжь Лейлэ**.

♦**1964 гъэм** къалъхуащ шэрджэс усакІуэ, филологие щІэныгъэхэмкІэ доктор, профессор, хэхэс адыгэхэм я литературэр джыным хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщІа **Абдокъуэ Маринэ**.

**Дунейм и щытыкІэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэтекІыу щыщытынущ Хуабэр махуэм градус 24-рэ, жэщым градус 16 - 18 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар* **ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Изэщ**.

**Лъэпкъ Іущыгъэ:**

**Акъыл зиІэр акъылыншэми йочэнджэщ.**

# Фымылъэгъуамрэ зыхэвмыщIыкIымрэ щыхьэт нэпцI фытемыхъуэ

## Къамыгупсыса хъыбар

**«Адыгэ псалъэ» газетым сызэрыщылажьэрэ илъэсипщIым щIигъуащи, си Iуэхур къыщIысIэщIэмыуужагъуэм и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэр – цIыху фIыуэ зэрыслъагъурщ, абыхэм сахуэзэну, зэрысхузэфIэкIкIэ дэтхэнэми и гупсысэ «къызэкIуэцIысхыну» зыхэслъхьэ зэрыщымыIэрщ. Нэхъыбэу сфIэфIщ дадэ-нанэхэм сабгъэдэсыну, моуэ я угъурлыгъэм и нурым зезгъэумэ, къару гуэр къысхалъхьэ хуэдэщ. Зы дадэ иджыблагъэ редакцэм къэкIуащ и гукъеуэ къытхуиIуэтэну.**

**Си лэжьапIэ пэшым къезгъэблэгъа дадэм и баш цIыкIур зыщIигъакъуэри, хэплъэу тIэкIурэ щыса иужьщ къыщригъэжьар. Ауэ япэщIыкIэ, псалъэ сIихащ и унэцIэмрэ зыщыщ къуажэмрэ хэIущIыIу сымыщIыну.**

**ДызэгурыIуащ!**

### Си сабиигъуэм

Илъэсибл сыщыхъум, си лъакъуэ лъэныкъуэр къутэри, къызэузу сымаджэщым сашати, ар пахыну унафэ ящIат. Си анэм и адэр абы ирихьэлIэу хьэщIапIэ къокIуэ (Адыгейм щыщщ), пщэдей хуэдэм ежьэжыну билетри иIыгъыу. Си хъыбар къыщицщIэм, сымаджэщым сыкъыщIидыгъукIыжри, Адыгейм сыздришэжьащ. Дежьэну, мафIэгу къэувыIэпIэм дыщыкIуэм, ар мафIэм исауэ къыщIэкIащ. «Уунэхъунумэ, хъудырми дзэр IуещIыкI», - жыхуаIэращ. Сытми, Куэшхьэблэ нэс нэгъуэщI мафIэгукIэ зыгуэрурэ дашащ. Абы щегъэжьауэ IэжьэкIэ ди гъуэгум пытщащ, ари къутэри гъуэгу дыкъытенати, шызакъуэгу къагъуэтри, ерагъыу сынашэсащ. Краснодар щIыналъэм хыхьэ IэфIыпс къуажэм и закъуэ дыдэу щыпсэу лIыжь Iэзэ гуэрым сыхуашэри сратащ. Си лъакъуэм сыкъыхигъэзыхьу узырти, апщIондэху сэ сыгъырт. ЛIыжьым IэфIыпс псы Iуфэм къыщыкI дзэлым щыщ къыпищIыкIырти, игъэплъурэ лъэнкIапIэ нэгэгъумрэ пхэщIыщхьэмрэ къеуэрт. Я бзэр сэ сщIэртэкъыми, жиIэри къызгурыIуэртэкъым. Абы и деж сызэрыщыIа пIалъэр сщIэжыркъым, ауэ щIакъуэ башитIыр сымыIыгъыу сызекIуэу сигъэхъужат.

Си лъакъуэхэр хъужа щхьэкIэ, зэхуэмыдизу къэнати къызэузырт, нобэми апхуэдэщ. Сыкъэжэпхъа иужь, къуажэ колхозым сыщылэжьащ. Дыунагъуэшхуэт, адэ-анэм зыгуэркIэ защIэзгъэкъуэну сыхъуапсэрти, классих фIэкIа къэзмыухыу лэжьэн щIэздзащ.

### ЛъыщIэж мыхъумыщIэ

Ауэрэ балигъ сыщыхъум, повесткэ къысхуэкIуащ. Сэ схуэдэ ныкъуэдыкъуэ армэм дамышыну сыгугъэу, си тхылъымпIэр сIыгъыу, военкоматым сокIуэ. ДэкIуеипIэм тет щIалэм си унэцIэр щыжиIэм сыбгъэдохьэ, и щхьэр кърегъэзэзыхри: «Иджыпсту комиссэм ущIыхьэнущи, абы яужькIэ военнэ билет къуатынурэ фи унэ укIуэжынущ, зы щхьэкIи укъыхэмыщт. Гъуэмылэ пIыгъмэ, къыдэти, уи цIэкIэ зы бжьэ дефэнщ», - жи. Дауи, сыгуфIат!

Комиссэм сраджэ. Дзэ комиссарыр щыст, абы и ижьырабгъумкIэ къыбгъэдэст ди къуажэм щыщ лIы гуэр. Ар партым и райкомым щылажьэрт, и унэцIэр къисIуэркъым, и цIэри жысIэнукъым. Ди адэ шыпхъухэм яз абы ишэну яужь къиихьати, ирамыту ди адэмрэ абырэ зэпэщIэувэри, зэбий хъуат. А Iуэхум сэ зыри хэсщIыкIыртэкъым. Бзаджэ зигу итIысхьа лIыр а комиссэм хэсын хуэмейуэ, сэ щхьэкIэ зыхригъэтхат. Щыгъыныджэу комиссэм и пащхьэ ираша сэ ар ямылейуэ къысщIэнэкIащ. ИтIанэ, къызыхихари сымыщIэу: «Уфиифрэ?» - жеIэри къызоупщI. «Софииф!» - изотыж жэуап. «Уфиймэ ущIэфиежу уекIуэкIынщ тIэ!» - жи арэзыпсу. Комиссэр зэфIэкIри, военнэ билети къызамыту, машинэхэм дитIысхьэну унафэ къатащ. Сэри сыщIалэти, зыми семылIалIэу, жаIэр згъэзэщIащ. Дежьащ, дыздежьар «гъуэгу мыгъуэ» жыхуаIэм хуэдэти, машинэхэм жьыр щызэприхурт, лъэгум лэч щракIутати, вакъэр хэпщIэрти, зэщIичырт. Волгоград дынэса иужь, мафIэгу драгъэтIысхьэри, ди Iуэхур нэхъ хуэщIа хъуауэ, дыздэкIуэм дынэсащ.

Япэ мазэхэм хуабжьу гугъу сехьащ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, урысыбзэкIэ псалъитI схузэпыщэртэкъым, сызэджаIами сщыгъупщэжат. Ди адэр пасэу дунейм ехыжри, ди анэм и закъуэ бынитху дипIати, къарууэ диIэр псэуныгъэм етауэ щытащ.

Арати, жэщым псори зэгъэжа иужь, сэ урысыбзэ зэзгъащIэрт, унэ лэжьыгъэу къыдатар сигу изубыдэрт, сыхуейтэкъым адрейхэм закъыкIэрызгъэхуну, хуэмыхуфэ къызаплъыну.

Дыщеджэ зэманым сэ куэдрэ зэхэсхырт, хэт мыдаIуэми, Кабырза гуэрым яшэну. Сэ ар зищIысыр сщIэртэкъым, ауэ «Кабарда»-м езгъэщхьырти сщыгъупщэртэкъым, нэгъуэщI лъэныкъуэкIи, абыкIэ дагъэшынэну щыхэткIэ, гурыIуэгъуэт абы фIы лъэпкъ зэрыщымыIэр.

### Кабырза

СызэрыжыIэщIэм папщIэ полковой школым сагъакIуэу мазэ 11-кIэ сыщрагъэджэну къысхуагъэфэщат, ауэ сэ еджэн Iуэхум гугъу сызэрыдехьыр сщIэжырти, здакъым. КIыхь зезмыгъэщIу жысIэнщи, осетин щIалэ гуэрым и «сэбэп» къызокIри, Кабырзам сашэ (Кемеровскэ областым хыхьэ Таштагольскэ щIыналъэм щыщщ ар). Абы адэкIэ, Спасский, Черный таз, Черная речка, Анзас, Синзас щIыпIэхэрат щыIэр. Ар щIышхуэм километр 1200-кIэ пэщIэхащ.

Дауи, дыкIэрэхъуат, дэ къытпэплъэр зищIысыр тщIэртэкъым, ауэ гурыIуэгъуэт фIы лъэпкъкIэ угугъэ зэрымыхъунур. Дызэрынэсу дызыхэхуар зищIысыр зэдгъэщIащ. КъызэрыщIэкIамкIэ, щIэпхъаджагъэ хьэлъэ зыщIахэр, зыбжанэрэ суд зытращIыхьахэр зэрыс тутнакъэщыр тхъумэн хуейуэ арат. ЦIыху 200 хъурти, ар нэхъыби нэхъ мащIи ящIыртэкъым.

Сэ лъэхъуэщ кIуэцIым кIэлъыплъакIуэу дэтхэм сахэтт. ЦIыху 36-рэ дыхъурти, тIууэ зыдгуэшырти, ихъуреягъкIэ дыкъекIуэкIыурэ дыплъырт. Къулыкъу хьэлъэт икIи шынагъуэт. ЗэрытхузэфIэкIкIэ зытхъумэжырт, псэзэпылъхьэпIэ дит зэпытт. Си гъусэхэм ящыщ куэд щыкIуэдащ абы. Апхуэдэурэ илъэси кIуащ, илъэс етIуанэр и кIэхэм нэблэгъауэ екIуэкIырт.

КIэлъыплъакIуэ гупым я нэхъыжь сащIауэ командирыр къопсалъэри къызжеIэ, цIыхуитху щIэуэ къызэрашэр. Абыхэм ящыщу зым ахъшэшхуэ зэриIыгъыр ящIэ, ар къэдгъуэту къытетхыну ди унафэщ. ЖыхуаIахэр къосри, къыдощ. Щыгъыну ящыгъыр щыдогъэх, зыри дгъуэтыркъым. Гупым я нэхъыжьыр сэрати, жэуаплыныгъэшхуэ схьырт. Тутнакъэщым исхэм Iэмал Iэджэ къагъэсэбэп, сэри абыхэм зыгуэр хэсщIыкIырт. Сытми, щIэпхъаджащIэм и Iэпкълъэпкъым щигъэпщкIуа ахъшэр зэрымыщIэкIэ къыкъуэзгъэхуащ. Мис абдеж щыщIэдзауэ ар сэ бий къысхуэхъуащ.

Тутнакъэщхэм къэхъукъащIэ щыкуэдщ. Сэ схуэди, сэ нэхърэ нэхъ лъэрыхь куэди абы щыкIуэдащ. Сытми, а щIалэм сэ зыкъысхуигъазэри къызжиIащ: «Хьэдрыхэ силъ щысщIэжыфыну къыщIэкIынкъым, ауэ, си псэр пытмэ, уэ бгырыс хьэжьэIужьэм пхуэфI сыхъунщ. Уигу иубыдэ си псалъэхэр». А псалъэхэр сэ абдеж къиздзатэкъым, ауэ...

Куэд дэмыкIыу сэ гу лъызотэмо щIалэм къызэщэн зэрыщIидзам, зэкъуэхуауэ сыкъиубыдыну лъэпIастхъэрт, сэри зыIэрызгъэхьэртэкъым. Ди закъуэу дызэIущIэ щхьэкIэ сэ абы сыпикIуэтынутэкъым, ар езыми ищIэрт. Щымыхъум, абы хуэм-хуэмурэ фIы зыкъысхуищIын щIидзащ. КъызэрыщIэкIамкIэ, а щIалэм медицинэм фIыуэ хищIыкIырт. Абы къыхэкIыу, сэлэтхэр сымаджэ хъумэ, и деж яшэурэ кърагъэплъырт (дзэм къулыкъу щызыщIэхэм и зэран екIмэ и пIалъэм хупащэнути, сэбэп зэрахуэхъуным яужь итт).

Ди гупым щыщу сэ зырат спортым дихьэхыр, си зыгъэпсэхугъуэ зэманыр згъэмащIэрти, си узыншагъэм, къарууфIагъэм сегугъу зэпытт.

Бий сыкъэзыщIа щIалэм махуэ гуэрым къызжеIэ: «ЩIышхуэм укIуэну уи унафэщIым зыкъебгъэутIыпщыфмэ, си ныбжьэгъу хъыджэбзхэр уэзгъэцIыхунт. Си гугъэщ ухущIемыгъуэжыну», - жи.

Абы ирихьэлIэу ди унафэщIым езым зыкъысхуигъазэри къызэлъэIуащ Сыбыр дзэ округым щекIуэкI спорт зэпеуэм ди гупым къыбгъэдэкIыу сыхэтыну.

Сызэрыунэхъуным хуэдэу псори зэхуэхъуат. Сэри щIалагъэм сигъэделэри сежьат. Си Iуэху нэхъыщхьэр зэфIэкIа иужь, хъыджэбзхэм сащыхуэзэн хуей гъуэгу зэхэкIыпIэм жыхуаIа сыхьэт бжыгъэм сытеуващ.

Куэдрэ семыжьэу сэ къызбгъэдыхьащ илъэс 20-23-м иту хъыджэбзищ. Машинэм срагъэтIысхьэри, зыщIыпIэ сашэ. Абдежщ япэу шынэ сигу къыщыкIар, ауэ закъезгъэщIакъым. ДыздэкIуэм дынэсмэ, Iэнэ къэузэдам дыпэрагъэтIысхьэ. Iэпхъуалъэ фIэкIа умыщIэну стэчан цIыкIу гуэркIэ зэ-тIэу соIубри... (Тхьэм ещIэ абы хэлъа щхъухьыр). ЗыкъыщысщIэжам, гъущI зэкIэрыгъэвам къыхэщIыкIа гъуэлъыпIэм кIапсэ быдэкIэ сытепхат. Абдеж сэ къызгурыIуащ къапхъэным сызэрихуар.

Сызыша хъыджэбзхэр къысщхьэщохьэ-сщхьэщокIыж. Пэшым къыщIыхьэ-щIэкIыжу солъагъу и Iэбэлагъыр пымыту нэгъуэщI зы цIыхубзи. Абы бжэр дамэдазэу къигъанэрти, адрей пэшым ину щыпсалъэ хъыджэбзхэм жаIэр зэхызох. Сэ къызгурыIуащ абыхэм Iей гуэрхэр къызэрысхуамурадыр. ХэкIыпIэ лъэпкъ слъагъуртэкъым. Ауэ...

Сытми, зи Iэ пымытыж бзылъхугъэр пIащIэу пэшым къыщIэлъадэщ, сызэрепха кIапсэхэр зэпиупщIри, къызжиIащ си щыгъыныр къасщтэу, зызгъэбзэхыну. ГупсысапIэ сиIэтэкъыми, сыщIэпхъуащ - дауэ щIыи, псэр IэфIщ. Си щыгъыным и нэхъыбэр сIэпыхуурэ кIуэдауэ уэрамым сыкъыдэлъэдащ. ЩIымахуэм и гуащIэгъуэт. ЦIыху Iэпкълъэпкъым щыщу щIыIэр япэу зэпхъуэу хъуар къанэ щымыIэу исащ. Зызэман патрулым сыпэщIэхуэри, Новокузнецк дэт госпиталым сашащ. Абы тIэкIурэ къыщызэIэза иужь сыкъаутIыпщыжащ. СыкъыздэкIуэжам зыми зыкъезгъэщIакъым къысщыщIам теухуауэ. Ауэ ди командирым жесIащ, ныкъуэкъуэгъу схуэхъуа лIыр нэгъуэщI щIыпIэ ягъэкIуэну. ЯгъэкIуащ, абы игъусахэри дэщIыгъуу. Ауэ иужькIэ я зэран къызэкIыжащ.

Си лъакъуэ ныкъуэдыкъуэм бэлыхь стригъэлъу илъэсищрэ мазищкIэ армэм къулыкъу щысщIащ.

Унэм сыкъэкIуэжами, гурыфIыгъуэ лъэпкъ сиIэтэкъым: си узыншагъэр къутат, си гъащIэр адэкIэ зэрызэтезухуэнур гурыIуэгъуэтэкъым. Сызэрысымаджэр я фIэщ мыхъуу, сыфэрыщIу жаIэу илъэс IэджэкIэ дохутырхэм гугъу срагъэхьащ.

### НатIэм итым уфIэкIынукъым

Армэм сыщыщыIа лъэхъэнэм си шыпхъу цIыкIуитIыр колхозым щылэжьащ. Ауэрэ хъыджэбзитIым я дэкIуэгъуэ хъуащ, сэ си къэшэгъуэр блэкIащ. Я насып къыщыкIуэм, ди адэм и щIапIэм щыщ щIы Iыхьэ сщэри, абыкIэ я Iуэху зэфIэзгъэкIащ.

Си ныбжь хэкIуэтэху къыщызмышэм, бын сыщимыIэм, цIыхухэм шэч мыфэмыц гуэрхэр къысхуащI, дзы къысфIащын щIадзащ. КъекIуэкI псалъэмакъым сэ зыри хэсщIыкIыртэкъым. ПцIы къызэрыстралъхьэр Iуэхутэкъым, ныбжьэгъуу къэслъытэхэм а псалъэмакъхэр ягъэбагъуэу кърамыхьэкIыу, зыкъысхуагъазэу къызжаIамэ, си Iуэху зытетыр яжесIэнт. Ауэ цIыхухэр зэ къыптепсэлъыхьын щIадза иужь, нэхъ мыхьэнэншэу, урипудыну щыIэращ зэIэбыр.

ЛэжьапIэ зэмылIэужьыгъуэхэм зеспщытурэ, адрейхэм ейм нэхърэ мынэхъ икIэу си унэ-лъапсэр сухуащ. Абы ирихьэлIэу си шыпхъум и щхьэгъусэр дунейм ехыжри, езыр уэндэгъушхуэу къэнат. ЩIалэ цIыкIу игъуэта иужь, абы сабийр лъхуэщым къыщIинэу къыщIэкIыжыну ди анэм къыщищIэм, уэсят къысхуищIат ахэр зэсшэлIэжу зыхуей хуэзгъэзэну. А сабийм си насып хэслъагъуэу, къэсщтэри, схузэфIэкI хуэсщIэу къэзгъэхъуащ. ЩIалэр къыдэкIуэтеиху хуабжьу щхьэзыфIэфI хъурт. Сэ згъэсэну, хабзэ-бзыпхъэ хэслъхьэну яужь сихьэмэ, си шыпхъур абы къыщхьэщыжурэ щIалэр сэхъуащ, уеблэмэ къыдэкIуэтея нэужь зыкъызипщытыну щIидзат. ЩIалэр унагъуэу тIысыжри, быни игъуэтащ, ауэ абы и анэр бын гурыгъузым хэмыкIыурэ дунейм ехыжащ.

### Жьыгъэр насып, хьэмэ?..

Ди благъэ бзылъхугъэ гуэр къыскIэлъоплъ, зыхуей сыхуегъазэ, ауэ, бзыщIауэ, ди пщIантIэм дэсхэм ямыщIэу (ахэр щыдэмысым деж къокIуэри си щыгъынхэр зыхуей хуегъазэ). Псалъэмакъ сыхэмытын папщIэ, сэ сызыбгъэдэсхэм куэдкIэ яхудызочых, зыри зыкIи хэзгъэзыхьыркъым. Ерыскъым и IуэхукIэ сэ нэхъ сэзэгъынум елIалIэ щыIэххэкъым (ныбжь зиIэ цIыху ныкъуэдыкъуэм зи щIалэгъуэ узыншэм ишхым хуэдэ зэрыхуэмыгъэткIунур гурыIуэгъуэкъэ). НэхъыфIу къысхущытыным сыщыгугъыу унэмрэ лъапсэмрэ щIалэм и цIэкIэ езгъэтхащ, ауэ зыми зихъуэжакъым. Иджыри къэс сшэчами, иджы гукъеуэм сигъэбакъуэркъым. Сэ гъащIэм игъэудэфахэм сазэрыщымыщыр мыбы еджэ дэтхэнэми къыгурыIуэнущ, атIэ фегупсысыт, куэд сыхуейуэ пIэрэ сэ? Жьым и жагъуэ пщIынуи и гуапэ пщIынуи зэрытыншыр псоми фощIэ, ауэ сэ занщIэу жагъуэм епхъуэхэм сащыщкъым.

Жьы хъуахэр щапIыж унэм сыкIуэнут, ауэ апхуэдизу гугъу сызыдехьа унэ лъапсэм, адэжь пщIантIэм дауэ сыпсэууэ себэкъуэн?

Мыхэр щIыжысIэр зыгуэрым фIэгуэныхь сыхъуу къысхуищIэнIауэ сыщIэхъуэпсу аракъым. КъимыдэкIэ хуэмыхуфэ, тхьэмыщкIафэ къызаплъынми нэхъ сызыхуэмей щыIэу къыщIэкIынкъым - сэ къызат ахъшэм срокъуж, нэхъыщхьэр аракъым. ХъуэпсапIэу къысхуэнар си Iуэхум и пэжыпIэр дунейм къытезнэнырщ, ар цIыхухэм къезгъэщIэнырщ.

Иджы зы! Сэ илъэс куэд щIауэ благъи Iыхьлыи, гъунэгъуи ныбжьэгъуи, дзы къысфIащу, цIыхум сызэрыхамыбжэжыр сагъэлъагъуу сопсэу. Ар зыхэзымыщIам зищIысыр къыгурыIуэнукъым. Псоми я щIыб къыщыпхуагъазэкIэ, укъалъагъуу - сэлам къудей къуамыхыу щыблэкIкIэ – ар гум тегъэхуэгъуейщ. Сэ къысхуэгъэза щыхъукIэ, ныбжьэгъугъэри, цIыхугъэри, муслъымэныгъэри щхьэ кIуэдыжрэ? КъызгурыIуэркъым...

Зыхуей зымыгъуэту псэуар гугъуехь щышынэркъым. Сэри гугъуехьым сигъэдзыхэу аракъым, атIэ цIыху зэхэтыкIэм зэрызихъуэжар, унагъуэм илъын хуей хуабагъэр, гулъытэр куэдым хьэрэм зэращIыр сигу къеуэу аращ. Насып сиIэщи, ди щхьэщыгу итым и фIэщхъуныгъэ схэлъщ, аращ сыкъезыгъэлыр. Арыншамэ, е делэ сыхъунт, е апхуэдиз гугъуехьым языхэзыр схуэмышэчу, си псэм сеIэжынт. Апхуэдэ куэд си нэкIэ слъэгъуащ. 11-рэ операцэ сащIащ, си Iэпкълъэпкъым узыншэу зы хэлъкъым, ахэр къызыхэкIари жьыгъэракъым.

МылIэжын щыIэкъым, сэри зэгуэр си гъащIэ гъуэгур иухынущ. Дунейм сехыжа иужь, си лажьэ дыдэу щытар дохутырхэм наIуэ ящIу, бын, унагъуэ сыщIэмыхъуа щхьэусыгъуэр цIыхухэм жраIэну сыхуейщ. Абы белджылы къищIынущ, ар хьэкъыу сощIэ. Си хъуреягъым Iичрам къахыжыныр, хущIегъуэжу, «Тобэ, сыту лей етхат!» жаIэжыныр си хъуэпсапIэщ. ДунеягъэкIэ къызжамыIэфа дахэр, нэгъуэщI мыхъуми, хьэдрыхэ щызэхэсхыну сыхуейщ.

ЦIыхухэ, сыныволъэIу, фымылъэгъуамрэ зыхэвмыщIыкI Iуэхумрэ щыхьэт нэпцI фытемыхъуэ. Си гъащIэр зэрымыувари, цIыхум яIэ насыпыр зэрызмылъэгъуари сщыгъупщэжынт, си жьыгъэр дахэ хъуамэ, ауэ щIалэгъуэ дахэ зымылъэгъуар сытым сыщыгугърэ?..

Илъэс 80-м сыщIигъуащи, си гъащIэм махуэ куэд хэткъым дыгъэпсым и нур тридзауэ. «Хьэлэлагърэ делагъэрэ зэпхащ», - жеIэ адыгэм. Сэ сызэреплъымкIэ, сэ а хьэлыр зэрысхэлъарщ си гъащIэр щIызэтемыувар. Си щхьэ къысфIэмыIуэхуу, си хъуреягъым я насыпыр, я псэукIэр зэIузэпэщ сщIыну сыхущIэкъуащ. Гугъуехь псоми сыкъезыгъэлу сиIэр динырщ. КъурIэным 38-рэ сыпхыкIащи, дэнэ деж сыт итми бжесIэфынущ.

Зы лъэIу фхузиIэщ: си гъащIэм и къекIуэкIыкIар щыфхуэсIуэтэжым зэрыхъукIэ телъэщIауэ жысIэжами, Iэмалыншэу Iуэхугъуэ къемыкIу гуэрхэм сытепсэлъыхьащи, къысхуэвгъэгъу. Алыхьым лъэпкъ узыншэ дищI!

*ГъащIэр матэщIэдзакъым, жыхуаIэр арагъэнщ... Дадэм и хъыбарым седэIуа иужь, сэ иджыри махуэ зыбжанэкIэ абы и гупсысэм сызэщIиIыгъащ. Зы упщIэт си щхьэм щыкIэрахъуэр: «Щхьэ апхуэдизу еру цIыхухэр?..» Сэ абы и жэуап згъуэтакъым, згъуэтынуи фIэщ щIыгъуейщ.*

*Ауэ, фи фIэщ зэрыхъун, игъащIэм зэ сыукIытамэ, иджы етIуанэу мы дадэм и пащхьэ си щхьэ щесхьэхакIэ. Абы цIыхухэм гущыкI къытхуимыщIу къызэрынар гъэщIэгъуэнщ... Сэ слъэгъуар ди гущIэгъу хуэныкъуэ дадэкъым, атIэ лъхудий къаруушфIэщ, къикIуа гъуэгуанэ дэгъэзэигъуэм, зыхэта дуней фитIнэм, зэхэщIыкIыншэм цIыхуу къыхэкIыфа цIыхухъущ.*

*Унагъуэ-бын зэримыIам щхьэкIэ лъэужьыншэу жаIэу абы къыщIэнакIэхэри жыжьаплъэкъым. Быныр, шэч хэмылъу, насыпышхуэщ, ауэ цIыхум гъащIэм щищI лэжьыгъэхэмрэ абы мыхьэнэуэ иIэмрэ зэлъытар быным и закъуэкъым... Ди щхьэщыгу итым зэхигъэкIынщ нэхъ лъэужьыфIэ хъуар хэтми...*

*Мы зыри дыщIызгъужынут: Жьы хъуахэмрэ сабийхэмрэ Алыхьым нэхъыфIу илъагъуу, абыхэм я гуэныхь къэзыхьым гуащIэу ирагъэпшыныжу жаIэ... Жьым фымыщI и жагъуэ!*

*Зытхыжар* **ЩОМАХУЭ Залинэщ**.




● Апхуэди къохъу

# И лъапсэ телъыджэр хуэхъуэжакъым

ХьэрычэтыщIэ гуэрым мурад ищIащ и Iуэхухэм зригъэубгъун папщIэ нэгъуэщI щIыпIэ Iэпхъуэну. Ар и ныбжьэгъу усакIуэм елъэIуащ и унэр зэрищэжым теухуауэ газетым къытригъэдзэну хъыбарегъащIэ тIэкIу хузэхилъхьэну.

УсакIуэм тхылъымпIэ кIапэрэ къэрэндащрэ къиштэри, хъыбарегъащIэр итхащ: «Къуажэ гуэрым щащэ гуфIэгъуэмрэ насыпымрэ я кIуапIэу зы унэ лъапсэ мыин дыдэ. ИгъунэмкIэ щежэх псы цIыкIур зэн-зэныпсым хуэдэу къабзэщ. ПщэдджыжькIэрэ жыг баринэхэм я къудамэхэм бзухэр щобзэрабзэри, гуапэу укъагъэуш. Дыгъэ къыщIэкIыгъуэм унэм нур тредзэ, дыгъэр щыкъухьэкIи, псэр зыгъэтынш жьауэ трещIэ. Жыг хадэ цIыкIум хьэуар щыкъабзэщ, пхъэщхьэмыщхьэмрэ удз гъэгъамрэ я мэр хэзщи».

Мазэ бжыгъэ докIри, усакIуэр щIоупщIэ ныбжьэгъум и унэм и хъыбарым.

- Уэ птха хъыбарегъащIэм сыкъеджа нэужь, си унэр сщэну си пщIыхьэпIи къыхэхуэжакъым. ЗыкIи схуэхъуэжынутэкъым си лъапсэ телъыджэр, - жиIащ абы.

**ГЪУЭТ Синэ.**



## Щэ тхъурымбэкIэ гъэжьа кIэртIоф

Мэлым и щэ тхъурымбэр псы хуабэкIэ ятхьэщI, тыкъыр цIыкIуурэ, грамми 10 - 15 я хьэлъагъыу зэпаупщI, тебэм иралъхьэ, псы щIыIэ щIакIэ, пэшхьэкум трагъэувэри, тебащхьэр тепIауэ дакъикъи 5 - 6-кIэ къагъавэ, псыр щIэвэщIэху, дагъэри къыщIидзыху. ИтIанэ зэIащIэри, абы халъхьэ IупщIэурэ упщIэта кIэртIофыр, тебащхьэр трапIэжри зэIамыщIэурэ мафIэ иным тету дакъикъи 3 - 4-кIэ ягъажьэ, тхъуэплъ дахэ хъуху. Шыгъу, шыбжий траудэри, кIэртIоф жьар зэрагъэдзэкIыурэ тхъуэплъу жьар и щхьэм къагъакIуэ. Тебащхьэр трапIэжри, хьэзыр хъуху, мафIэ щабэм тету дакъикъи 4 - 5-кIэ ягъажьэ. Пщтыру Iэнэм трагъэувэ. ПIастэ е мырамысэ хуабэ дашх. Шэ хуабэ е шей пщтыр трафыхьыж.

***Халъхьэхэр (зы цIыху Iыхьэ):*** кIэртIоф укъэбзауэ - г 300, щэ тхъурымбэу - г 70, псы щIыIэу - г 30, шыгъуу, шыбжий сыр хьэжауэ - узыхуейм хуэдиз.

● Шхыныгъуэхэр





## Балыджэ зэхэупщIэта, джэдыкIэ хэлъу

Балыджэр зэхащыпыкI, икIри и пэм пытри паупщI, псы щIыIэкIэ ятхьэщI, сэкIэ яупщIатэ хъурей пIащIэ цIыкIуурэ, хьэкъущыкъу мыулъийм иралъхьэри и щхьэр трапIэж. ДжэдыкIэ вынш гъэвар ягъэупщIыIури кугъуэр кърах, абы шыгъу траудэри яущэб, шатэ Iув халъхьэри, фIыуэ зэIащIэ. ДжэдыкIэм и хужьри яупщIатэ. Балыджэ упщIэтам шыгъу хадзэ, зэIащIэурэ джэдыкIэ кугъуэ ущэбар, джэдыкIэм и хужь упщIэтар, шыбжий сыр хьэжа халъхьэ. Псори зэIащIэ, и щхьэр трапIэжри щIыIапIэ деж ягъэув дакъикъэ 15 - 20-кIэ, нэхъ зэхэшыпсыхьын щхьэкIэ. Апхуэдэу ягъэдия балыджэ упщIэтар тепщэч цIыкIум иралъхьэ пIинэу, бжьын цIынэ зэпыгъэлъэлъа трагъэщэщэж. ЩIакхъуэ, чыржын, лэкъум, кIэртIоф гъэва, кIэртIоф пIастэ дашх.

***Халъхьэхэр (цIыхуищ Iыхьэ):*** балыджэу - г 400, джэдыкIэу - 3, шатэу - г 200, бжьыныщIэу - г 100, шыгъуу, шыбжийуэ - узыхуейм хуэдиз.

● ФщIэн папщIэ

# Хывышэм дагъэ куэд щIэтщ

●Адыгэ джэш хужь пIащIэр мыгъэвауэ махуэм щэ бжэмышх изурэ яшхмэ, фошыгъу узыр мэхъуж.

●Хадэм джэдгын итыну фIыщ, мелыIычыр йохьэ жаIэ.

●Жьы хъуа шыр щаукIынум деж, зрамыгъэгъэпсэхуу куэдрэ кърахуэкI, пщIэнтIэпс нэхъыбэ къыхэкIын щхьэкIэ. Апхуэдэу ямыщIмэ, а шым и лыр бгъавэми бгъажьэми пхуэшхынукъым, лым пщIэнтIэпсымэ къыхехри. КърахуэкIауэ фIагъэжа шым и лым апхуэдэу мэ Iей иIэкъым. Абы и лыр ягъавэ, лэпсыр ирамыфу иракIут. Шыл вам нэхъ дашхри бжьыныху, шыгъурэ пIастэ хуабэрэщ.

●Бабыщ бзагуэр кIэцIа нэужь абы и джэдыкIэм уеIусэмэ, ар зейр а абгъуэм тетIысхьэжынукъым, джэдыкIэм цIыхумэ щыуащи.

●Мэз кхъужь цIыкIур мыхъу щIыкIэ къыпохури, ар мэкъу лъабжьэм, тхьэмпэ лъабжьэм щохъуж.

●Хывышэм нэхъ дагъэ куэд щIэтщ, жэмышэм нэхърэ.

●ДжэдыщIэм япэу къикIэцI джэдыкIэр цIыкIунитIэщ, ныбгъуэ джэдыкIэм хуэдизу, ар яшх хабзэкъым. КIэцIын зыуха джэдыжьми иужь дыдэу къикIэцIыр цIыкIунитIэщ, ари яшхкъым.

●ГъэтIылъыгъэ ящIыну кхъуейр нэхъ щыхэхын хуейр гъэмахуэ мазэхэрщ. Мис абы щыгъуэ хаха кхъуейр IэфIщ, витамин куэду хэлъщ.

**КЪУБАТИЙ Борис.**

● Псалъэ пэжхэр

# Губзыгъэращ къуаншэр

♦ФIагъ мащIэ фIэкIа ббгъэдэмылъми, ар зэгуэр къыпхуэсэбэпыжынущ, ауэ Iей мащIэри аращ - дапщэщми, зэ утеунэхъуэнущ.

♦ЦIыхум ущымышынэу ущыукIытэныр нэхъ тэмэмщ.

♦Сыт хуэдэ гъуэгу быркъуэшыркъуэ утетми, абы уэ зыдебгъэкIун хуейуэ аращ, ар мыхъумэ езы гъуэгум зыкъыбдригъэкIунукъым.

♦Гъуэгухэр тIууэ зэщхьэщокI - фIыцIэрэ хужьрэ. НэхъыфIыр къыхэпхынумэ, нэхъыжьым ечэнджэщ.

♦Хабзэншэ псори нэмысыншэщ.

♦Нықъусаныгъэ гуэр зыбгъэдэмылъ щыIэкъым, ауэ ахэр яшэни къашэни къанэркъым.

♦Адыгэ хабзэмрэ нэмысымрэ щIапIыкIа цIыхум мылъкушхуэ къызэренэкI.

♦Зи унэм зыщызыгъэлIым нэгъуэщIым деж зыщеудыгъуж.

♦ЦIыхуитI зэфIэнамэ, къуаншэр нэхъ губзыгъэращ.

♦Шы узытесыр кIуэнуми жэнуми зэлъытар уэращ.

♦Блэ никъуэукIыр и кIэмкIи къоуэнущ, умыбэлэрыгъ.

♦Иджырей зэманым уи жыпым иплъи, итIанэ псалъэ.

♦ЦIыхухэм яхузэфIокI Iэщэ Iей дыдэхэр къагупсысыну, ауэ а Iэщэм емыпхъуэу мамыру зэдэпсэуфыркъым.

♦Анэм и лъагъуныгъэр бын дапщэ иIэми зэхуэдэу яхуегуэшыф, фыгъуи ижи бгъэдэлъкъым, аращ ар апхуэдизу щIэбэшэчри.

♦ЦIыху къабзэм фIеягъ хужыпIэкIэ пхуэуцIэпIынукъым, ауэ уэ Iейуэ зыбуцIэпIыжынущ.

**КIУРАШЫН Алий.**

# Псалъэзэблэдз




***ЕкIуэкIыу:*** **1**. Ди щIыналъэм щыIэ псыежэх. **5**. Нэхъ пасэм цIыхубзхэм яду щыта тутынылъэ. **7**. НапIэзыпIэ. **8**. ЩIыхь орденым и дамыгъищри зрата ... Менлы. **9**. ЩIакхъуапхъэ. **11**. Купкъ зэрылъ пхъэщхьэмыщхьэ плъыжь цIыкIур къызыпыкIэ жыг. **12**. Бжэныхъу. **13**. Жэп техэмэ, а хадэхэкIыр нэхъ IэфI мэхъу. **14**. Школым щадж предмет. **17**. Дыщэ ... е фошыгъу ... **19**. Язынықъуэ унагъуэхэм я фIэIугъэ гъэтIылъыгъэхэр абы щахъумэ. **20**. 1992 гъэм ди республикэм щекIуэкIа президент хэхыныгъэхэм кандидату зыкъыщызыгъэлъэгъуа, философие щIэныгъэхэмкIэ доктор. **21**. Къупщхьэмрэ лымрэ я зэпылъыпIэ.

***Къехыу:*** **2**. IэмыкIуэлъэмыкIуэ. **3**. Сэшхуэ, джатэ ... , **4**. Сабий цIынэм кърашэкI хъыдан. **5**. Нартхэм я ныкъуэкъуэгъу лъэпкъ. **6**. Къэнжал хьэку цIыкIу. **8**. Адыгэ мазэцIэ. **10**. ПхъэIэщэм щыщ Iыхьэ, щIыр зэзыгъэдзэкI. **15**. Адыгэ бзылъхугъэ уэрэджыIакIуэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ артисткэ. **16**. Бжейм къыпыкIэ жылэ, цIыхум яшх. **17**. Жыг кугъуанэхэр зи псэупIэ псэущхьэ дахэ цIыкIу. **18**. А унэцIэр зезыхьэхэм къахэкIащ: генерал-майор, Къэрэшей-Шэрджэсым и цIыхубэ усакIуэ, КъБР-м и Парламентым и унафэщIу щыта, адыгэр щыпсэу республикищым я цIыхубэ уэрэджыIакIуэ.

*Зэхэзылъхьар* **МЫЗ Ахьмэдщ.**

## Накъыгъэм и 13-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

***ЕкIуэкIыу:*** **1**. Пхъэщабэ; **5**. Лу; **6**. Бэдж; **7**. Мы; **10**. Псыдзэ; **11**. Бэ; **12**. Хъан; **13**. Хы; **14**. Гуэбэнэч.

***Къехыу:*** **2**. Щхьэмыгъазэ; **3**. Алэрыбгъу; **4**. Хъысэпыл; **8**. Гупэ; **9**. Жэм.

● Пшыхьхэр



# Къафэм и махуэшхуэ

**Къафэм и дунейпсо махуэм и щIыхькIэ, Музыкэ къэрал театрым концерт гукъинэж щитащ къэфакIуэхэм я урысейпсо, дунейпсо зэпеуэхэм пашэ щыхъуа, лъэпкъ къафэхэмкIэ щапхъэу къалъыта «Вагъуэ цIыкIу» сабий ансамблым. Гупым и художественнэ унафэщIыр КъБР-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Къурашэ Едыджщ. Пшыхьыр иригъэкIуэкIащ Профсоюзхэм щэнхабзэмкIэ я унэм и режиссёр нэхъыщхьэ Гумэ Маринэ.**

КЪАФЭМ и дунейпсо махуэм иращIэкIа пшыхь гуапэм зыкъырагъэхьэлIат къафэр фIыуэ зылъагъу нэхъыжьхэми нэхъыщIэхэми. Концертыр къызэIуахащ пасэрей адыгэ цIыхубэ къафэжькIэ. Абы къыкIэлъыкIуащ куэдым фIыуэ ялъагъу удж хэш, удж пыху, ислъэмей, лъапэрышэ, зэныбжьэгъуищым я къафэхэр.

Къыхэгъэщыпхъэщ, КъБР-м и цIыхубэ артист, пшынауэ цIэрыIуэ Сэхъу Хьэсэн гупым и пшынауэ цIыкIухэри пшыхьым зэрыхуигъэхьэзырар. Къафэм къыдэкIуэу, ахэр пшынэмрэ бэрэбанымри зэрыхуэIэзэр умыгъэщIэгъуэн плъэкIыртэкъым.

- Фи пщыхьэщхьэ фIыуэ ди ныбжьэгъухэ, хьэщIэ лъапIэхэ! Нобэ Къафэм и махуэшхуэщ! Ныщхьэбэрей пшыхьым зэхуишэсащ ансамблым хэт ныбжьыщIэхэм я адэ-анэхэр, ныбжьэгъухэр, зэгуэр мы гупым хэтахэр, къэфакIуэ ныбжьыщIэхэм я зэфIэкIым иригушхуэхэр, - жиIащ КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министр Езауэ Анзор. - Республикэм щекIуэкI махуэшхуэхэр, пшыхьхэр ягъэдахэ, дуней псом къыщацIыхуа ансамбль цIэрыIуэхэм хуэдэу. Аращи, цIыкIухэми ахэр зи гъэсэнхэми ехъулIэныгъэхэр яIэну ди гуапэщ!

Езауэ Анзор зи унафэщI министерствэм къыбгъэдэкI фIыщIэ тхылъыр иритащ «Вагъуэ цIыкIу» ансамблым, абы и унафэщI Къурашэ Едыдж - щIыхь тхылъыр.

Пшыхьыр ягъэдэхащ «Вагъуэ цIыкIу» ансамблым и ныбжьэгъухэми: къафэмкIэ щапхъэу къалъыта, урысейпсо, дунейпсо зэпеуэхэм пашэ щыхъуа, Гран-при саугъэтыр къэзыхьа, Вахромеевэ Наталье зи художественнэ унафэщI «Ассорти» ансамблым (Прохладнэ къалэ), КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Романихинэ Иринэ зи художественнэ унафэщI «Каллисто» театрым.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**

● Спорт

# Дуней псом и чемпион ди лъахэгъуухэр

**IэпщэрыбанэзэзауэмI (IF FCF) и Дунейпсо Федерацэр 2003 гъэм Кисловодск къыщызэрагъэпэщауэ щытащ икIи СНГ-м и къэралыгъуэу 8-м къыщызэдащтат. Ар мы гъэм илъэс 20 зэрырикъум ирихьэлIэу ЕсэнтIыгу щекIуэкIащ зэпеуэшхуэхэр.**

НАКЪЫГЪЭМ и 20 - 21-хэм зэхэтахэм зыкъыщызыгъэлъэгъуа ныбжьыщIэхэр гупихыу ягуэшат (илъэси 8-9, 10-11, 12-13, 14-15, 16-18, 19-мрэ нэхъыжьыIуэхэмрэ).

ЕхъулIэныгъэшхуэхэр къагъэлъэгъуащ «Эльбрус-Нальчик» зэуакIуэ клубым и гъэсэнхэм. Илъэс 12 - 13 хъу, килограмм 34-рэ зи хьэлъагъ гупым къахэщхьэхукIащ КъарэцIыкIу Алий. Илъэс 19 ирикъуа, килограмм 77-рэ зи хьэлъагъ гупым щыщу текIуэныгъэр къихьащ Борий Къантемыр.

Домбеякъ медалхэр къыхуагъэфэщащ Гелоев Эмирхъанрэ (илъэси 10 - 11) Сомгъур Шамхъанрэ (илъэс 12 - 13). Ахэр зэхьэзэхуэм хуэзыгъэхьэзырар Къаныкъуэ Ренатрэ Къэлэмэт Амиррэщ.

КъищынэмыщIауэ, Федерацэм и тхьэмадэ Ермаков Сергейрэ абы и къуэдзэ Ермаков Александррэ къыхагъэщащ зэхьэзэхуэм хэта спортсмен ныбжьыщIэхэм я гъэсакIуэхэри. Апхуэдэу, «Эльбрус-Нальчик» клубым и гъэсакIуэ Къаныкъуэ Ренат бгырыпх фIыцIэм и 4-нэ даныр къыхуагъэфэщащ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэпщэрыбанэ зэзауэм зэрызригъэужьым папщIи медалкIэ хаIэтыкIащ.

ГъэсакIуэ щIалэщIэм и ехъулIэныгъэхэр диIыгъащ Ренат и адэ, ар зыгъэсэжа Къаныкъуэ Заур.

**ШЭКЭМ Виктор.**



# Адыгэшхэр утыку къохьэж

● Шыгъажэ

**Мыгъэрей ещанэ шыгъэжэгъуэр нобэ, накъыгъэм и 27-м, йокIуэкI. Абы лIэужьыгъуийкIэ къыщагъэжэнущ хьэрып, адыгэ, инджылыз шы лъэпкъыгъуэхэр.**

ХАБЗЭ зэрыхъуам тету, ар зэрызэкIэлъыкIуэнум щыгъуазэ фыхуэтщIынщ. Метр 1400-рэ зи кIыхьагъым илъэсищ зи ныбжь шищ къыщызэдагъэжэнущ. Абы хэтщ ехъулIэныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэр къэзыхьахэри, зэкIэ зи цIэ мыIуауэ. Хэт ищIэрэ, гъэщIэгъуэн къэхъунри хэлъщ, ауэ и нэхъыбэм текIуэныгъэ къихьыну зыхуагъэфащэр Аксесс пцIэгъуэплъырщ.

Метр 1600 гъуэгуанэр нэхъ псынщIэу зэпычынымкIэ зэпеуэнущ илъэсищ зи ныбжь хьэрыпышу тху. Абы щытекIуэну зыхуагъэфащэр, уеблэмэ, адрейхэр къыдэзымыгъэплъыну къалъытэр Сальмэ пцIэгъуэплъырщ. Ар Талащенкэ Юрий ейщ. А шыр куэд щIакъым къызэрагъажэрэ - тхуэней къудейщ зэхьэзэхуэм зэрыхэтари, тIэуней саугъэт къихьащ.

Метр 1200-м къыщызэдагъэжэнущ зи ныбжьыр илъэсищ икIи нэхъыжь инджылыз шипщI. Абы хэтынущ псом нэхърэ нэхъыжь, шыгъэжапIитхум зэхэту 23-рэ къыщыжа, текIуэныгъэ щэней къэзыхьа, 12-рэ саугъэт зрата, АкцентkIэ зэджэ шыр, Цыцаев Сулимэ и ейр. Аращ нэгъабэ Налшык щекIуэкIа шыгъажэм «Iуащхьэмахуэ и Кубок»-мрэ абы щIыгъуа сом мелуан ахъшэ саугъэтымрэ къэзыхьар. КъищынэмыщIауэ, мы зэдэжэм хэтыну Ту ЭверестkIэ зэджэ шым (Каракотов Мурат ейм) Псыхуабэ текIуэныгъэ къыщихьащ. Хэт ищIэн, иджыри ехъулIэныгъэ Налшык щиIэнкIэ хъунщ. Ауэ мыбдеж, и нэхъыбэм къызэралъытэмкIэ, псом нэхъ лъэрызехьэр Чехием щыцIэрыIуэ, текIуэныгъэшхуэу щы къэзыхьа, Бухтияров Валентин и «Ирландец» ширщ.

Адрей зэдэжэнухэм къахэбгъэщ хъунущ адыгэшхэр. Иужь дыдэу мыхэр щызэпеуар илъэсищкIэ узэIэбэкIыжмэщ. Иджыпсту Налшык шыгъэжапIэм адыгэшу 52-рэ иIыгъщ. Мы зэпеуэм щхьэкIэ Сэкрэкым и шы заводым сом мини 100 игъэуващ. Шууейхэм адыгэ фащэ ящыгъынущ.

ИтIанэ илъэсищ зи ныбжь инджылызышу 11 къызэдагъэжэнущ. Мыбдеж Сэкрэк Заур и «Альфаиз»-р текIуэну хуагъэфащэ. Мыпхуэдэ зэпеуэм ар зэ щытекIуакIэщ. Абы къыпеуэнухэм ехъулIэныгъэр зищIысыр зэкIэ къащIакъым.

Адрей къызэдэжэнухэм я гугъу фхуэдмыщIми гурыIуэгъуэщ шыгъажэр зэшыгъуэ зэрымыхъунур. Сабийхэм папщIэ джэгупIэ зэмылIэужьыгъуэхэр лэжьэнущ.

Мы Iуэхур къызэзыгъэпэщхэм я гуапэу фрагъэблагъэ.

**ШАФИЙ Аслъэн.**



Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ № ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI. 12+

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым – 42-56-19; унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66

Индексыр П 5894 • Тиражыр 1.683 • Заказыр №1113

ДИ ХЭЩIАПIЭР 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А